ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№139 (22.047) ● 2011 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Президентым Жылагъуэ совет къыдэригъэпэщащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и УнафэщI Къанокъуэ Арсен Iэ щIидзащ КъБР-м и Президентым и деж Жылагъуэ совет къыщызэгъэпэщыным теухуа Указым.

А IУЭХУЩIАПIЭР зэпымыуэ уэ лажьэ чэнджэщэгъу организ иKIи абы и зэхэфжьыр ж уэнэтIагъэ щытынущ къэрал властым и органхэмрэ жылагъуэмрэ зэрыдзэлажьэр егъэфIэкIуэным, жылагъуэ граждан Iэхъущ Iапl эхэм зегъэужьыным, цIыхум, гражданиным и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмрэ хъумэныр кIыхьэгъэпэщыным. Советым хагъэхьащ жылагъуэ, дин организацIэхэмрэ зэгугъэныгъэхэмрэ, щIалэгъуалэ зэщIэхьеенныгъэхэм, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, спорт организацIэхэмрэ Iэхъущ Iапl эхэмрэ я лIыкIуэхэр, лъэпкъ щхьэхуэхэм я нэхъыжьхэр, творческэ, хьэрычэт лэжьакIуэхэр.

Советым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьыгъэ цIыхубэм я Iуэху епльыкIэр кIыхьэрыщалъытэр кьэIэтыныр, дин, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэныр, жылагъуэ къарухэр зэкIуэгъэзэувэным сэбэп хуэхьу Iэхъущ Iафэхэр егъэкIуэкIыныр, граждан жылагъуэ Iэхъущ Iапl эхэм я лэжьыгъэр хэIущIыIу щащI едэIуэныгъэхэр, конференцхэр, зэхьыхьэхэр, семинархэр кызэгъэпэщыныр.

Жылагъуэ советым хэтхэр илъэсиц кьэс зэрахьуэкIынущ.

Дыэзэрыщыгъуаэзщи, нэхъ япэкIэ КъБР-м кIыщыщзэрагъэпэщауэ щытащ республикэм и Президентым и деж щIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу совет. Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэр мэлажьэ, абы и деж ЩIалэгъуалэ совет кIыщызэрагъэпэщащ. Апхуэдэу КъБР-м и Президентым и деж ЩIалэгъуалэ правительствэ, КъБР-м и Парламентым и деж ЩIалэгъуалэ палатэ щыIэщ. Жылагъуэ щхьэхуэхэм кIыщызэрагъэпэща жылагъуэ советхэм лъэпкъхэм я нэхъыжьхэр, щIалэгъуалэм я лIыкIуэхэр хагъахьащ. Республикэм апхуэдэу щыIэщ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэгугъэныгъэхэр.

● Дыгъуасэ

УсакIуэм и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэ.

Бадзэуэгъуэм и 22-м республикэм щагъэлъэпащ КъБР-м и цIыхуба усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-ми КъБР-ми я Къэрал саугъэтхэм я дауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Дыхьужь КIыщокъуэ Алим къыщалъхуа махуэр.

УсакIуэхуэм и фэеплъу

Iуфэ Хьэчим зэхуэсахэм ягу кьиIуэкIыжащ КIыщокъуэ Алим зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ усакIуэу, тхакIуэу, драматургыгу зэрыщытар, и цIэр къыгуэхьпIэ имыIэу адыгэ прозэмрэ усыгъэмрэ я зыужьныгъэм зэрепхар, и къалэнхэм хуэпэжу къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм илъэс куэдкIэ зэрыпэрытар.

Шэджэм кьалэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьэлэнхэр зыгъэзащIэ **Уэдыжь Хьэсанш** кьыщыпсальэм кьыхигъэщащ усакIуэм и фэеплъым пщIэ зэрыхуищIыр, КIыщокъуэр къызыдэкIа Шэджэм районым ар къыщалъхуа махуэр зэрыщагъэльапIэр, и тхыгъэхэмрэ и гъащIэ гъуэгуанэмрэ щIэблэм щапхъэ хуащIыну яужь зэритыр.

КъыкIэлъыкIуэу кьэпсэльа, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Созаев Ахьмэт** КIыщокъуэм цIыхугъэхуэ зэрыхэльам, зэчий абрагъуэ зэрыбгъэдэльам кьытеувыIа нэужь, Алим Кулиев Къайсын и ныбжьэгъу пэжу зэрыщытам зэрыригушхуэр кьыхигъэщащ.

УсакIуэр къыщалъхуа Щхьэлыкьуэ къуажэм къикIа школакIуэхэр КIыщокъуэ Алим и усэ фIыуэ ялъагъуэхэм кьеджащ.

«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Елгъэр Кашиф** и гугъу ищIащ Алим и ныбжьэгъуэу икIи и кьуажэгъуэу зэрыщытам, щIэх-щIэхэуурэ нгу кьызэрыкIыжым, а цIыху щэджащэхэр щIэблэм ящыгъупщэ зэрымыхъунум.

УсакIуэм теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ кърихьэлIахэм ядэгуашэу, зэхьхьэм къыщыпсэльащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Гуманитар къэухъумэныгъэхэмкIэ институтым и лэжьакIуэ **Алъхъэс Светланэ**, нэгъэзащIэхэри.

Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ **Уянаев Ваханэ**, республикэм и Парламентым, Президентым и Администрацэм я лIыкIуэхэр.

ТекIуэжь Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м №386-рп

Акъылымрэ творчествэмрэ зегъэужьыным екъэлIа жэрдэмхэр дэIыгъын, ахэр пхыгъэкIын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэгъуалэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я социальнэ жыджэрагъыр кьэIэтын мурадкIэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1алэгъуалэм я Iэхъуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжкIэ и министерствэм къызэригъэпэщыну хуэгъэувын:

щIалэгъуалэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ «Селигер-2011» урысейпсо щIалэгъуалэм я Iэхъуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжкIэ и министерствэм хуэгъэувыну:

щIалэгъуалэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ «Селигер-2011» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхьхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэгъуалэр хэшэныжкIэ къызэгъэпэщащ Iуэхуэ комитетым хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Щ1алэгъуалэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ мурадхэм тригъэкIуэдэн папщIэ 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр (2009 - 2015 гъэхэм)» республикэ программэ хэхар гъэзэщIэным щыхухаха ахъшэм щыщу сом мин 279-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iэхъуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжкIэ и министерствэм хуиуцынущ.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэгъуалэ правительствэм чэнджэщ етын щIалэгъуалэ зэхьхьэ зэрыригъэкIуэкIым, абы кIэуну делегацэм хагъэхьэнхэр къызэрыкхьым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэгъуалэр щыгъуазэ щIыным хэлэжьахьыну.

5. Профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал ещанIэ нэхъыщхьэ, курыт специальнэ ещанIэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щылажьэхэм чэнджэщ етын студентхэм я проектхэр щIалэгъуалэ зэхьхьэм и www.forumseliger.ru сайтым щегъэтхыжыну къызэрагъэпэщыну.

6. Къэрал кIуэцI IэхъуэкмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын щIалэгъуалэ зэхьхьэм щыкIуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэм и шынагъэншагъэр къызэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм
2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м кьыдигъэкIа Унафэ №386-рп-мкIэ къыщтащ

Щ1алэгъуалэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ «Селигер-2011» урысейпсо щ1алэгъуалэ зэхьхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щ1алэгъуалэр хэтыныжкIэ къызэгъэпэщащIуэ комитетым хыхьэхэр

Пащты Б. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iэхъуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(кьызэгъэпэщащIуэ комитетым и унафэщIр)*

Атабиев А. Хь. - Иджырей гуманитар академием Налшык дэт и кьудамэм и ректор *(зэгурыIуауэ)*

Бышэн А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министр

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI IэхъуэхэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Герговъ Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iэхъуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжкIэ и министрым и къудзэр *(къызэгъэпэщащIуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ)*

Жэрыкъуэ Б. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхь» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэм и ректору *(зэгурыIуауэ)*

Къэзаиш Л. Б. - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и кьудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпание» Iэхъуэщ Iапl эм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и ректор *(зэгурыIуауэ)*

Мусуков А. Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министру

Рахаев А. И. - «ГуэзаджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэм и ректору *(зэгурыIуауэ)*

Хъурей Ф. А. - БизнесымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректору *(зэгурыIуауэ)*

Хъущхъэжь Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щ1алэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэхъущ Iапl эхэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Щоджэн А. А. - ПотребкооперацэмкIэ Белгород дэт университетым и кьудамэу Налшык щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Щхьэрэпсо З. Т. - Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IэхъуэхэмкIэ и министерствэм Краснодар дэт и университетым и кьудамэу Налшык щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Щокъарэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iэхъуэщ Iапl эм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ).*



● ЗэIущIэхэр ■ Хьыбар гуапэ ■ Дэ кьытхуатх

КЪЭБЭРДЕЙ

Щ1бэт кьыдокIыгъэ ■ Малъхъэдис

Я нэIэм щIагъэувэ

АДЫГЕЙ. *Дэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министерствэм къызэриIуэтэмкIэ, республикэм и экономикэ IэнатIэ нэхъыщхьэхэм егъэбыдыIэ Iуэхущ Iапl эхэм я нэхъыбэр лэжьыгъэр шынагъэуэнущ къызэгъэпэщыным хуэщIакъым.*

ЭКОНОМИКЭМ телажьэ Iэхъущ Iапl эхэм я процент 15,8-р къабзагъэ мардэхэм еэзэгъыркъым. ЦIыкухэр лэжьыгъэкIэ къызэзыгъэпэщхэм хабзэм тету IэнатIэхэм я аттестацэхэр ирагъэкIуэкIыркъым. Iуэхур тэмэму къызэгъэпэщыным, арегъэфIэкIуэным республикэ властым и нэIэ тетынущ.

ЭКОНОМИКЭМ и Министерствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ **Уянаев Ваханэ**, республикэм и Парламентым, Президентым и Администрацэм я лIыкIуэхэр.

Ар бгъэлъапIэ хъуну?

РИА НОВОСТИ къыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, Эстониеми и премьер-министр Ансип Андрус къеплъыгъэ эстонцхэм я 20-нэ дивизэм щыщу СС-м хэтахэр илъэс къэс Синимяэ къуажэ цIыкIум деж зэрыщызэхуэсыр Хэку зауэшхуэм хэкIуэда псоми я фэеплъ Iуэхугъуэу. Ар мы зэманым США-м щыIэщ къэрал Iуэхугъэ. Америкэм и журт зэгухьэныгъэхэм щаIущIам, премьер-министрым араш игъуэтыжар къыхуагъэува упщIэхэм я жэуапу.

- Хэку зауэшхуэм и зэманым Синимяэ къыщыхуаду щыта псор нацист идеологием зыкIи пыщIакъым. Эстониеми зэхуэдэу кьеуащ коммунизми нацизми, - жиIащ абы икIи кьыхигъэщащ я къэралым щыпсэу журтхэр лъэпкъ зэхэгъэшын и нэщэнэ лъэпкъ зэрыIумыуэр, властыр абыхэм я зэгугъэныгъэхэм зэрыдзэлажьэр.

1944 гъэм Синимяэ дежь мазэ зыбжанэкIэ зэхэуэ гущIэгъуншэхэр щекIуэкIащ. Эстонхэм я 20-нэ дивизэри яхэту, фашистхэм, СС-р я пашэу, Совет Союзым и дзэр пIалъэ кIыхькIэ зэтраIыгъат. Иджы, а зэхэуэм и фэеплъу, бадзэуэгъуэм и 30 кьэс Синимяэ СС-м хэтахэр щызэхуэос. Абы япэуву, фашизмым и бийхэми а кьуажэм пэкIу гъэ кьэс а махуэм щрагъэкIуэкI.

Урысейм и МИД-м зэхьыщ къызэригъэлъэгъуар Эстониеми и властыр СС-м и 20-нэ эстон дивизэр гъэлъэпIэным зэрытелажьэр.

Ахэр зэпсэлъэнукъым

ИТАР-ТАСС къыбарегъащIэ IэнатIэм дыгъуасэ къызэритамкIэ, Ливием и унафэщI полковник Каддафи Муамар идэркъым зыкъызэыIэтахэм зы Iуэхугъуэ гуэркIи епсэлъэну. Ар абы щыжиIащ, езыр и телъхьэу къыщалъхуа Сирт къалэм пэкIуэхуэ щезыгъэкIуэкIхэм яхуичъэхьа тхыгъэм.

- Сэ сайуащIэнукъым зыкъэзыIэтахэм. Абыхэмрэ сэрэ зэпсэльэныгъэ лъэпкъ ди зэхуаку дэлъынукъым Кьемэт махуэр зэхэсых,- щыжеIэ Каддафи а тхыгъэм.

Оппозицэм и лъэпкъ советым (ПНС) и унафэщI Джабрил Махьмуди а Iуэхум Мадрид щыгъепсэльыхьащ.

- Каддафи дэ зы IуэхугъуэкIи дыгурыIуэнукъым, и IэнатIэм темыкIауэ,- жиIащ Джабрил Махьмуд икIи щIигъужащ залымэзэхьэм иращыIэла зауэм зэрыпащэнур.

Дыэзэрыт мазэм кьриубыдэу Каддафи цIыхухэр зыбжанэрэ кьыхуриджащ зыкъэзыIэтахэм яубыда кьалэхэр Iэщэ кьащтэу щхьэхуит кьащIыжыным.

МафIэм исащ

ИТАР-ТАСС къыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, дыгъуасэ Курскым и Ванскэ куейм мафIэм щисащ пхъэм къыхэщIыкIаеу зэпэгъу-нэгъуу щыт коттедж 12. Абхъэм щыпсэурт Куржы-Абхъаз зауэм щыгъуэ Апсны щIыналъэр зыбгына унагъуэ 12. ЦIыхухэм псынщIэу унэхэр ябгынэри, зыри хэкIуэдакъым, ауэ я мылъкур зэрыщыту лыгъейм хихащ.

Къэхъуар хабзэхъумэ Iэхъущ Iапl эхэм зэхагъэкI. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, унэхэм ящыщ зым и щхьэмкIэ электрокъарум и кIапсIыр щызэтридзэри, ар щхьэусыгъуэ мафIэсым хуэхъуащ.

Куржым зи лъапсэ зрагъэбгынахэм ядэIэпыкъунымкIэ и министерствэм щылажьэхэм зэрыжаIамкIэ, зи унэр мафIэм иса унагъуэ 12-м унэщIэхэр хуаухуэнущ, ахъшэкIи ядэIэпыкъунущ.

- 1992 - 1993 гъэхэм Куржыр Абхъазым щеэзуам, хэкIуэдащ цIыху мини 8 хуэдиз, Абхъазыр ябгынащ куржы мин 700-м.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 23, щэбэт

●Мысыр Хьэрып Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Революцэм и махуэщ (1952 гъэ).

● 1974 гъэм Алыджым «полковник фIыцIэхэм» я властыр тридзри, демократиер зэфIагъэувэжащ.

● Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ.

●Осетие Ипщэ Республикэм и хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм щылажьэхэм я махуэщ.

●Латвием щекIуэкIынущ сеймыр (парламентыр) зэбгрыуТыпщыкIыжным теухуа референдум. Ар къызэригъэпэщащ а къэралым и президенту щыта Затлерс Валдис.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, щыбли щIэту уэшх къыщещхьынущ. Хуабэу махуэм къыщыхуэхьэ щыщ - градус 21 щыIэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 24, тхьэмахуэ

●Сатум и лэжьакIуэхэм я махуэщ

●1937 гъэм США-м щыщ Эрхарт Амалие кьхъухьэтатэкIэ дунейм щыяпэ дыдэу Атлантикэ хым щхьэпрылъэхъащ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык щыблэ зыщIэт уэшх къыщещхьынущ. Хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым - градус 19 щыIэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 25, блыщхьэ

● 1957 гъэм Тунис Республикэр къэунэхащ.

●Бадзэуэгъуэм и 25 - 26-хэм ООН-м и Ассамблее нэхъыщхьэм Нью-Йорк щригъэкIуэкIынущ «Щ1алэгъуалэ: зэпсэльэныгъэ-рэ зэгурыIуэныгъэ-рэ» зыфIащ дунейпсо конференц.

●1472 гъэм адыгэ кхъухь 24-рэ тенджызэ фIыцIэм зэпрыкIри, Тыркум теуауэ щытащ.

●1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущI гъэугур зэфIагъэувэжащ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх машIэу къыщещхьынущ. Хуабэу махуэм градус 28-рэ, жэщым - градус 18 щыIэнущ.

Планэнэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Удыгъуэмэ, угъуамэщ.

Абхъазыбзэм хуэшэрыуэщ

АБХЪАЗ. *Республикэм и президентым и кандидату ягъэлъапIэхэм - Абхъазым и Iатащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Анкваб Александр, «Абхъазым и цIыхубэ зэкIуэтныныгъэ форумым» и унафэщI Халхимбэ Рауль, премьер-министр Шамбэ Сергей сымэ - абхъазыбзэмкIэ экзаменхэр ятащ.*

ЭКЗАМЕНХЭР кьыIахащ педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор Каландзие Алексей зи пашэ, щIыхуибл зыхэт лингвист комиссэм. Кандидатхэр абхъазыбзэкIэ тха текстым макъкIэ кьеджащ, ар езым кьызэрыгурыIуэм хуэдэу иIуэтэжащ, комиссэм хэтхэм кьабгъэдэкI упщIэ зэмылIэужьыгъуэхэм жэуап иритащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●Гу зытытапхъэ

«Афганистаним, щIыналъэ щхьэхуэхэм щекIуэкIа зауэхэмрэ зэпэщIэтныныгъэхэмрэ я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и еплIанэ отчет-хохьныгъэ конференцыр 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м щызэхэтыщ КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унэм зэIущIэхэр щрагъэжьэкI и пэшыжьхэм. Хэщ1эпэр: **Налшык къалэ, Ленининым и уэрам, 53**.

Делегатхэр сыхьэти 10-м щегъэжьауэ ятхынущ. Конференцыр къыщызэIуахынур сыхьэт 12-рэ.

Делегатхэм я паспортхэр яIыгъын хуейщ.

КъызэгъэпэщакIуэ комитет.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Ди газетым бадзэуэгъуэм и 30 щIоидэ Iэ тевдзэмэ, ар ныфIэрыхьэнущ щыщхьэIум и 1-м щыщIадзауэ.

Мазитхум ди газетым и уасэщ сом 296-рэ кIэлпейкIэ 75-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почтт Iуэхущ Iапl эхэм.



Ди индексыр 51531

Къуажэр йофIакIуэ

● Шэрэдж куей

Зэрэгъыжьыр ящыщ, зэманым къыдэкIуа гугъуехьхэм емыльытауэ, сыт и лъэныкъуэкIи зызыужь жылагъуэхэм.

КъАБЗАГъЭМ теухуауэ ди республикэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм ящыщ, мы щIыпIэм жыгыщIэ 1000-м щIигъу щыхасащ. Кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Шэрыйжь Хьэсен щыгъуазэ дызэрыщIымкIэ, Зэрэгъыжьыр ящыщ пхъэнкIийр кьуажэм махуэ кьэс дэщыным елажь Iэнатl э щIхьэжуэ кьыззэыгъэпэщахэм. Абы и Iэужьри нэрыльагъуэ: кьуажэ кIуэцIи, псыхъуэ гъэуи ущрихьэIэнукъым хабзэм кьемызэгъэуу кьызэрагъэпэща зы пхъэнкIий ядэIэпIи. Апхуэдэу кьуажэм и уэрам псори кьаГъэнэжауэ, гъуэгуэхэм я нэхъыбэр зыхуей хуагъэзащ. Языныкъуэ гъуэгуэхэм асфальтыр щIэуэ трагъэхьащ, зыгуэркъэри зэрагъэпэщыжащ. Псы зэфэнкIи кьуажэдэсхэм тхьэусыхафэ яIэкъым, ауэ жыжьэ бжьамийуэ метр 850-м нэблагъэ Хьарзанэм и цIэр зезыхьэ уэрамым щыхъуэжьыну нужь итщ.

Хуэныкъуэ и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэшхуэ кьыщрахьэIащ мы жьыгъэм: мэжджыт яухуащ, курыт школым и унащхьэ зэрахъуэжкIащ, пластинкым ныкъэщIыкIа щхьэгъубжэкъэ щIэуэ халъхьащ. Куэд щIакъым сабий гъэсапIэщIэм цIыкIуэр ящэн зэрыщIадзэрэ. Мыгувэу Зэрэгъыж къыщызэIуахынущ турист-этнографие центр ин.

УнафэщIым яхуэзэфIэкI кьагъанэркъым кьуажэдэсхэр гъэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIащи. Къаплитэмэ, Iэщыщхуэу 600 щагъэшхэну комплекс яухуауэ Шэрыйжь щыпщ. Iэщыр гъэмахуэ хьупIэхэм эрашам кьыхэкIыну, абы

гъэкъэн щыщIидзэнур бжьыхьэ дызыхуэкIуэщ. Апхуэдэу мыгувэу кьызэIуахынущ щыIэу 25-рэ щыIэжьыну консерв завод, джад минн 4 щагъэхъуну фермэ, гектари 3 зи инагъ хуабэщ. «Шэрэдж-1» ООО-м и жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэщ мы теплицэ комплексым щагъэлэжьэнхэм мазэм хуэзэу сом мин 20 - 25-рэ ирагъыбыну мэгугъэхэр. Апхуэдиз гъэкIыгъэ кьыщрахьэIэ жьлагъуэм нIэщ зэхуэмыхьыныгъэ щхьэхуэхэр. Шэрыйжьым игу кьеуапэу кьыхигъэщащ республикэм щэнхабзэмкIэ щыIхь зиIэ и гъэкIуэу щыIу 17 кьызыдэкIа адыгэ жьлэжьым Щэнхабзэмкlэ унэ зэримыIэр. Ар хуэныкъуэ Президент программэм хагъэхьахэм ящыщ икIи щэч хэтхъуэм а Iуэхум унафэ тэмэм зэрыт-ращыхьынум.

ЛЪОСТЭН Мурэ.

Я щIэныгъэ щIэныкъуэ

РИА НОВОСТИ къыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, Эстониеми и премьер-министр Ансип Андрус къеплъыгъэ эстонцхэм я 20-нэ дивизэм щыщу СС-м хэтахэр илъэс къэс Синимяэ къуажэ цIыкIум деж зэрыщызэхуэсыр Хэку зауэшхуэм хэкIуэда псоми я фэеплъ Iуэхугъуэу. Ар мы зэманым США-м щыIэщ къэрал Iуэхугъэ. Америкэм и журт зэгухьэныгъэхэм щаIущIам, премьер-министрым араш игъуэтыжар къыхуагъэува упщIэхэм я жэуапу.

- Хэку зауэшхуэм и зэманым Синимяэ къыщыхуаду щыта псор нацист идеологием зыкIи пыщIакъым. Эстониеми зэхуэдэу кьеуащ коммунизми нацизми, - жиIащ абы икIи кьыхигъэщащ я къэралым щыпсэу журтхэр лъэпкъ зэхэгъэшын и нэщэнэ лъэпкъ зэрыIумыуэр, властыр абыхэм я зэгугъэныгъэхэм зэрыдзэлажьэр.

1944 гъэм Синимяэ дежь мазэ зыбжанэкIэ зэхэуэ гущIэгъуншэхэр щекIуэкIащ. Эстонхэм я 20-нэ дивизэри яхэту, фашистхэм, СС-р я пашэу, Совет Союзым и дзэр пIалъэ кIыхькIэ зэтраIыгъат. Иджы, а зэхэуэм и фэеплъу, бадзэуэгъуэм и 30 кьэс Синимяэ СС-м хэтахэр щызэхуэос. Абы япэуву, фашизмым и бийхэми а кьуажэм пэкIу гъэ кьэс а махуэм щрагъэкIуэкI.

Урысейм и МИД-м зэхьыщ къызэригъэлъэгъуар Эстониеми и властыр СС-м и 20-нэ эстон дивизэр гъэлъэпIэным зэрытелажьэр.

Ахэр зэпсэлъэнукъым

ИТАР-ТАСС къыбарегъащIэ IэнатIэм дыгъуасэ къызэритамкIэ, Ливием и унафэщI полковник Каддафи Муамар идэркъым зыкъызэыIэтахэм зы Iуэхугъуэ гуэркIи епсэлъэну. Ар абы щыжиIащ, езыр и телъхьэу къыщалъхуа Сирт къалэм пэкIуэхуэ щезыгъэкIуэкIхэм яхуичъэхьа тхыгъэм.

- Сэ сайуащIэнукъым зыкъэзыIэтахэм. Абыхэмрэ сэрэ зэпсэльэныгъэ лъэпкъ ди зэхуаку дэлъынукъым Кьемэт махуэр зэхэсых,- щыжеIэ Каддафи а тхыгъэм.

Оппозицэм и лъэпкъ советым (ПНС) и унафэщI Джабрил Махьмуди а Iуэхум Мадрид щыгъепсэльыхьащ.

- Каддафи дэ зы IуэхугъуэкIи дыгурыIуэнукъым, и IэнатIэм темыкIауэ,- жиIащ Джабрил Махьмуд икIи щIигъужащ залымэзэхьэм иращыIэла зауэм зэрыпащэнур.

Дыэзэрыт мазэм кьриубыдэу Каддафи цIыхухэр зыбжанэрэ кьыхуриджащ зыкъэзыIэтахэм яубыда кьалэхэр Iэщэ кьащтэу щхьэхуит кьащIыжыным.

МафIэм исащ

ИТАР-ТАСС къыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, дыгъуасэ Курскым и Ванскэ куейм мафIэм щисащ пхъэм къыхэщIыкIаеу зэпэгъунэгъуу щыт коттедж 12. Абхъэм щыпсэурт Куржы-Абхъаз зауэм щыгъуэ Апсны щIыналъэр зыбгына унагъуэ 12. ЦIыхухэм псынщIэу унэхэр ябгынэри, зыри хэкIуэдакъым, ауэ я мылъкур зэрыщыту лыгъейм хихащ.

Къэхъуар хабзэхъумэ Iэхъущ Iапl эхэм зэхагъэкI. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, унэхэм ящыщ зым и щхьэмкIэ электрокъарум и кIапсIыр щызэтридзэри, ар щхьэусыгъуэ мафIэсым хуэхъуащ.

Куржым зи лъапсэ зрагъэбгынахэм ядэIэпыкъунымкIэ и министерствэм щылажьэхэм зэрыжаIамкIэ, зи унэр мафIэм иса унагъуэ 12-м унэщIэхэр хуаухуэнущ, ахъшэкIи ядэIэпыкъунущ.

- 1992 - 1993 гъэхэм Куржыр Абхъазым щеэзуам, хэкIуэдащ цIыху мини 8 хуэдиз, Абхъазыр ябгынащ куржы мин 700-м.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 23, щэбэт

●Мысыр Хьэрып Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Революцэм и махуэщ (1952 гъэ).

● 1974 гъэм Алыджым «полковник фIыцIэхэм» я властыр тридзри, демократиер зэфIагъэувэжащ.

● Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ.

●Осетие Ипщэ Республикэм и хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм щылажьэхэм я махуэщ.

●Латвием щекIуэкIынущ сеймыр (парламентыр) зэбгрыуТыпщыкIыжным теухуа референдум. Ар къызэригъэпэщащ а къэралым и президенту щыта Затлерс Валдис.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык щыблэ зыщIэт уэшх къыщещхьынущ. Хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым - градус 19 щыIэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 24, тхьэмахуэ

●Сатум и лэжьакIуэхэм я махуэщ

●1937 гъэм США-м щыщ Эрхарт Амалие кьхъухьэтатэкIэ дунейм щыяпэ дыдэу Атлантикэ хым щхьэпрылъэхъащ.

Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык щыблэ зыщIэт уэшх къыщещхьынущ. Хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым - градус 19 щыIэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 25, блыщхьэ

● 1957 гъэм Тунис Республикэр къэунэхащ.

●Бадзэуэгъуэм и 25 - 26-хэм ООН-м и Ассамблее нэхъыщхьэм Нью-Йорк щригъэкIуэкIынущ «Щ1алэгъуалэ: зэпсэльэныгъэ-рэ зэгурыIуэныгъэ-рэ» зыфIащ дунейпсо конференц.

●1472 гъэм адыгэ кхъухь 24-рэ тенджызэ фIыцIэм з

Созэй Олег Владимир и къэум учыр къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьым и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м *Налшык къалэ №2/1-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ кIызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм макъуаэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29 статьям и пункт 6-м и «а» пункт къыдэзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м, 2003 гъэм мазаем и 18-м къащтам, и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакlуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №21-РЗ-м, 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащтам, и 4 статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Созэй Олег Владимир и къэум учыр къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьым.

2. Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и кIуалэхьуэ хуит къэхъуэм ягъэувынур кIыхьагъ щIыналъэ, къыхалъхьэкIэ зэрыщэхьэщхьэ хэIущIыну щIын.

3. Унафэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и Iуэхукlэ щIын.

4. Мы Унафэр хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм къытрегъадзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

«Хэхакlуэ комиссэхэм, референдумымкIэ комиссэхэм, абыхэм къулыкъу щысыныгъэ цIыхухэм къащтэ унафэм, зэфIагъэкI лэжьыгъэм (зэфIамыгъэкIыу къанэм) и зэранкIэ Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр, референдумым хэтынымкIэ хуитыныгъэр къызэрызэпадым теухуауэ къаIэрыихь тхьэусыхафэхэм (тхыгъэхэм) пэублэу хэплъэнымкIэ лэжьакIуэ гупым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2007 гъэм щыщхьэIум и 14-м къащта Унафэ №2/7-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и пункт 1-р мы къыкIэлыкIыкIэм хуэдэу къэхьын:

Хэхакlуэ комиссэхэм, референдумымкIэ комиссэхэм, абыхэм къулыкъу щысыныгъ цIыхухэм къащтэ унафэм, зэфIагъэкI лэжьыгъэм (зэфIамыгъэкIыу къанэм) и зэранкIэ Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр, референдумым хэтынымкIэ хуитыныгъэр къызэрызэпадым теухуауэ къаIэрыихь тхьэусыхафэхэм (тхыгъэхэм) пэублэу хэплъэнымкIэ лэжьакIуэ гуп къызэгъэпэщыным мы къыкIэлыкIуэхэр хэту: **Евтушенкэ С. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэр, лэжьакIуэ гупым и унафэщIу, **КIуэщIыкоскъуэ З. Л.** - унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэтым и лэжьакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэр, **Жазаев К. Ю.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и аппаратым и къызэгъэпэщыныгъэ-правовой къудамэм и чэнджэщгъуэр, лэжьакIуэ гупым и секретарь, **Джапуев М. Хь.** - унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэтыр, **Нало Н. З.** - унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэтыр, **Соловьев В. Н.** - унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэтыр, **Хьэмыкъуэ З. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и къызэгъэпэщыныгъэ-правовой къудамэм и унафэщIыр.

Мы Унафэр хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм къытрегъадзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ
ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Унафэ №2/1-5-мкIэ къищтащ

Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъу хуит къэхъуэм ягъэувынур кIыхьхьыныкIэ къыхалъхьэ кандидатурэхэр зэрызэхуихьэсым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм къит хъыбар

Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщхьэщыхьэм къыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэхэмрэ кIызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 26 статьям и пункт 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хъыбар къет унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хагъэхьэн папщIэ къыхалъхьэ кандидатурэхэр зэрызэхуихьэсым теухуауэ.

Документхэр мы хъыбарегъащIэр къыщытрадзам щегъэжьауэ махуэ 15-кIэ къыщыIэхьыныщ мы къыкIэлыкIуэ адресым: **КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №27, пэш №15** (лэжьэгъуэ махуэхэм).

Нэхъ зэпкрыхьауэ мы Iуэхум щыгъуазэ зыфщI хъунущ **47-26-42**, **47-23-00** телефонхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м

● КъБР-м щыIэ МВД-м

ВАСИЛЬЕВ Сергей: Бахъсэн куейм щытыкIэ зэтес щыIэн хуейщ

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ полициэм и полковник Васильев Сергей Уэ-р-р-ым МВД-м и «Бахъсэн» куэдамэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ икIи кьыззхуэсахэм щIэуэ ягъэува я унафэщIыр яригъэщIыхуащ. Ар ипэкIэ УФ-м и МВД-м Аруан куеймкIэ и куэдамэм и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъым пэрыта полициэм и подполковник КIэрэф Робертщ.

ВАСИЛЬЕВ Сергей зэрыжиIамкIэ, ар щIэныгъэ зыбгъэдэIэ, щытыкIэр зэпэзыльыгъэ унафэщIщ.

- УФ-м и МВД-м и «Бахъсэн» куэдамэр кьыззэрыгъэкIыкым, абы и нэIэ щIэт щIыпIэм щытыкIэр щыгъуащ. И лэжьакIуэкIи гугъуехьхэр щыIэщ, - кьыхигъэщащ министрым.

Республикэм и полициэм и унафэщIым жиIащ КIэрэф Роберт кьыпэщIыхь кьалэнхэм зэрапэльэщынгр, къэрал кIуэцI Iу зхуэхэмкIэ адрей щIыналъэ Iэнатlэхэми хуэдэу, зыхуей ягъэ кьудамэ кьызэрызэгурагъэпэщырыпыр и фIэщ зэрыхьур.

- Щытыкlэ гугъум дыкъыкIауэ ильэс ныкъуэр кьэдуекIауэ къэхащ, арщхьэкIэ, Iэмал имыIэу ипэкIэ дыкIуэн, Бахъсэн куейм щыпсэухэм дзыхь зыхуащI я хъумакIуэу дыкъалъытэн хуейщ, - жиIащ Васильев Сергей. Хабзэр кьызэзыгъэпэщкъар уэхэми хуэдэу, щыIэныгъэншагъэмкIэ жэуап зыхь муниципалитетэм быдэу япщIащу я ядэлэжьэным мыхьэнэщIу зэрыIэрэ абы кьыхигъэщащ.

Бахъсэн кьалэмрэ куеймрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэу зэIущIэм кьрихьэлIаэм министрым яжриIащ сыт хуэдэ зэманми районым кIуэну икIи зэпэщIу гугъуехьхэр абыхэм я гъусэу зэпкърихыну зэрыхьэзырыр.

Зэ ху эсым кьащIэзэтащ г уплым щытыкIэ тэмэм щыIэным, щыхуэмэ нэхьыфIу ядэлэжьэным теухуа Iуэхуэгъуэхэр.

- Районым щыпсэуфынрэ щIэныгъэм дзыхь хуащIыныр - я фщыщ дэтхэнэми кьыфхущI дзыхьщ. Куейм щытыкlэ зэтес щыIэтехуэхэр, щхьэгъэнапIэм кьыкьуэцI бзаджащIэхэм яхуэфащэ кьару ягъэгъэувын хуейщ. ЩIэпхьаджащIэхэм дин Iуэху льэпкъ зэрахуэркъым, атlэ ах эр зыхущIэкъур щыхуэ-тыщIэхэр ягъэшынэу ахъшэ зыIэрагъэхьэныщ. Фэ, мыбдеж кьызэхуэсахэм, фымыщIэу щытткъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхуэхэм Iэщ-кIэ кьатеуэхэм я щыхфлIыфэр зыхуэдэр. Абыхэм ящыщ куэд фэ школым кьыщыцIведжащ, фи гъунэгъуу псэуащ. Ауэ фэ мыбдежым, ахэр нэгъуэщI льэныкьуэмкIэ щыIэщ, - жиIащ министрым.

УФ-м и МВД-м Бахъсэн районымкIэ и куэдамэм и унафэщIу ягъэувар дабгъуэщ кьэпсэльащ Бахъсэн районымрэ кьалэмрэ я прокурорхэр, ветеран зэгъэхэныгъэхэм я лыкIуэхэр.

Полициэм и подполковник КIэрэф Роберт Хьэту и къуэр 1968 гъэм кьалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиухащ. Налшык къалэмкIэ ОВД-м Уголовнэ къэлъхьуэныгъэмкIэ и куэдамэм и оперуполномоченэу кьулыкъу ящIри щIидзащ. ПIэжыгъэм щызыIэригъэхьа екъуIэныгъэхэм папщIэ Урысей МВД-м и унафэмкIэ ягъэлэжащ.

ДЖЫРАНДОКЪУЭ Маринэ.

Полициэм и подполковник КIэрэф Роберт

ПЫТОВ Георгий Константин и къуэр

И ныбжьыр ильэс 74-м иту лIащ Пытов Георгий Константин и къуэр. Ар 1937 гъэм накIыгъэм и 28-м Чита областым хыхьэ Борзинскэ районым щыщ Даурие къуажэм къыщалъхуащ. Промышленность псынщIэм и IэщlагъэлIхэр щрагъэджэу Москва дзт технологие институтыр 1960 гъэм кьиухащ икIи а гъэ дыдэм Марийскэ АССР-м и къалащхьэ Йошкар-Ола дзт «Искож» заводым и технолог нэхъыщхьэу пэжьэн щIидзащ. Налшык къалэ дзт «Искож» комбинатым фэ Iэрыщlэкъэ кьыщIэзэгъэкI и заводым и унафэщI 1963 гъэм хъуащ, адэкIэ техническэ отделым и унафэщIым и кьуэдзэу, отделым и унафэщIу лэжьащ. Промышленность псынщIэмкIэ технологие институту Москва дзтым и аспирантурэм 1967 гъэм щIэтIысхьащ, ар кьиухэа нэужь къигъэзэжащ «Искож» комбинатым щылэжьащ икIи комбинатым и унафэщIым и кьулыкъым нэсащ.

1993 гъэм Пытов Георгий Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Премьер-министрым (Правительствэм и УнафэщIым) и къуэдзэу ягъэуващ. 1997 гъэм абы и пщэ иралъхьащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и и Советым хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэну.

Пытов Георгий Константин и къуэр цIыху гуапэу, и ныбжьэгъуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ фIыуэ я къалъагъуэ щытащ. Ар зэи ягу ихункым къыдэзыжьахэм, и унафэм щIэтхэм, и ныбжьэгъуэхэм.

Къаногъуэ А. Б., **Чеченов А. А.**, **Гертер И. К.**, **Жамборз В. С.**, **Абрэдж I. Хь.**, **Амщокъуэ Ф. Къ.**, **АфIэунэ А. М.**, **Бечелов И. Б.**, **Бышэн А. А.**, **Бозий Н. М.**, **Бэгъуэтлыж С. Б.**, **Васильев С. В.**, **Вэрокъуэ В. Хь.**, **Геляхов А. С.**, **Гызыев Б. Хь.**, **Гъэсашэ Н. Къ.**, **Дэхъушокъуэ М. И.**, **Жаным Р. М.**, **Зумакулов Б. М.**, **Къэдзэкъу А. Б.**, **Къультырбей Хь. М.**, **Кушмэзокъуэ С. Т.**, **Пльджыдэ Хь. П.**, **Мусуков А. Т.**, **Пащты Б. С.**, **Сунш А. А.**, **Саенкэ Т. В.**, **Сэбаншы Р. Къ.**, **Сэхъуэрокъуэ Хь. Хь.**, **Тау П. КI.**, **Тюбеев А. И.**, **Щхьэгъэпэщыпэ С. Хь.**, **Уянаев К. Хь.**, **Фырэ Р. Б.**, **Хьэгъэ З. А.**, **Черкесов Г. М.**, **Шыкъ В. А.**, **Ерчэн Т. Хьу.**

● Iуащхьэмахуэ куей

Япэ игъэщыпхъэ Iуэхухэр

Тырныауэ кьалэм щыпIэ самоуправленэмкIэ и Совет щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и Унафэщ Гемуев Жэмал, ЗэIущIэм депутатхэм унафэ зыбжанэ кьащIащтащ. Абыхэм ящыщщ «Iуащхьэмахуэ куейм хыхьэ Тырныауэ кьалэм 2011 гъэм фэтэр куэд хьу унэхэр екIуу щыIэтхэщIыжыным», «Iуащхьэмахуэ куейм хыхьэ Тырныауэ кьалэм щIыхухэр кьхьаэ хьуа унэхэм 2011 гъэм кьыщIэгъэкIауэ ягъэIэпхьэным» теухуа программэхэр.

КЪАЛЭДЭСХЭМ зэрызыкьыхуагъэзам ипкъ иткIэ, сессием щыхэплъащ Тырныауэ и Комсомольскэ уэрамым Мизиев М. А. и цIэр фIэщыпным теухуа Iуэхум. Игъуэ нэмысу дуней екьжа, «ТШСУ» къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщIу щыта Мизиев Мухьтар кьалэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIар кьалъытэри, къызэхуэсахэм а жэрдэмыр даIыгъащ. Депутатхэм жаIащ «Комсомольскэ» цIэр кьалэм и нэгъуэщI уэрамым фIэщыпным теухуауэ КIПФ-м и район кьудамэм и Iэтащхьэ Хасантовэ Лизэ къыхилъхьа Iуэхум хэплъэну зэрамурадыр.

ХАДЖИЕВЖэмал.

Суэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Адыгэ студием щеджэнухэр Москва макIуэ

Щукин Борис и цIэр зэрихьэу Москва дзт Театральнэ институтым мы гъэм адыгэ актер студие къищтащ. ЕджакIуэ кIуэнухэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыхахащ егъэджэныгъэ Iуэхумкlэ институтым и проректор, актерхэр щагъэхьэзыр факультетым и декан, профессор, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и дзэкъакIуэ Оссовская Марие, актер Iэзагъымкlэ кафедрэм и доцент, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, курсым и художественнэ унафэщI Ворошиловэ Людмилэ, а кафедрэм и доцентхэу Сажин Владимирр Трунаевэ Далэрэ.

ЩОДЖЭНЦIыКIУ Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и утыкур зыгъэбжьыфIэну гупыжь зыщIа ныбжьыщIэхэм гуапэу, тэмакъкIыхьу къахущIащ хьэщIэхэр. ТкIийуэ икIи зэхэщIыкI яIэу къащIащ ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ зэчийр, я зыIыгъыкIэр, кьыхахха ЕщIагъэм зэрыпIэлъэщну щIыкIэр. А къэпщытэныгъэхэм пэльэщыщ папщIэ абыхэм ядэлэжьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан и цIэр зэрыпсалъэ, Iэнатlэ художественнэ унафэщIу щытыну, пщэрылъ къащIащIащ.

Театральнэ институтым щеджэну зи насып кьрихьэкIа щIалэхэм-гъэ хъыджэбзхэмрэ ежьэн и пэ кIуэхуэу Щоджэнцlыкlу Алий и фэ-ятlъ сыным дежи сэрэ щIэзэпытащ-гъэхащ, журналистхэм я упщIэхэм жэуап ираташ Фырэ Русланрэ Ворошиловэ Людмилэрэ.

- Псом япэрауэ, фIыщIэ яхуэщIыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуапэу дыкъезыгъэблэгъа-хэмрэ хъэщIагъэ къыздэсыхьэмрэ, - жиIащ Людмилэ. - Сабийхэм я гугъу пщIымэ, хуабжьу дигу ирихьащ. КъыхэгъэщIапхъэщ мыбы щIызэгъэщIыхуа адыгэ ныбжьыщIэхэр щIыуэпсым пэгъэнэгъуу, Iэпкъальэпкъ узынщэрэ жьыджэрэ я Iуэ зэрыщытыр. Ахэр хъарзынэу пэлъэщащ къэпщытэныгъэхэм. Урысибзэр зэрагъэщэрыуэм, я зэфIэкIым щыгъуазэ дащIу ди пащхьэ зыкъызэрыщагъэльэгъуэм нэмыщI, сэ си лъэIукIэ я анэдэльхуэбзэкIэ дгъэпсэльащ, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, ди анэдэльхуэбзэкIэ псалъэ цIыхум нэхъ зыкъызэкъуехьыф, бгъэдэлъ зэчийр наIуэ къёщIыф. Ар сэбэн хуэщ институтым щIэдгъэтIысхьэнухэр къыщIыхэтхми. Я хьэлкIи, я терлъэкIи, я зэчийкIи зэмыщхь защIэт ди деж къекIуэлIаэр, абыхэм я нэхъыфI дыдэхэр кьыхэтхауэ араци, гуп лъэщ зэрыгъэхъуауэ кьысщохьу.

Людмилэ кьызэрыджиIамкIэ, япэ курсым студентхэр анэдэльхубзэ еджэркъым, ауэ етIуанэ курсым щегъэжьауэ Iэмал имыIэу ядж. Абы и лъэныкъуэкIэ, Фырэ Руслан и гъусэу дызэчэнджэщын хуейуэ аращ абыхэм Москва адыгэбзэр щезыгъэджыну теухуауэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым, япэ курсым сабийхэм зрагъасэ къудейуэ аращ щыхъэрыхь зыгъэ щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным. Абыхэм ящыщ ныбжьыщIэхэр щыпсэуфынкIэ щIэныгъэ зэрыгъуэтыным. Абыхэм ящыщ я нэгу къащIагъэхьэркъым къапэплъэр - щIэдджыжьым сыхьэтибгъум щегъэжьауэ, жэщым пщыкIуэ хъуху я щIэныгъэм хагъэхъуэн, я Iэзаем зрагъэужьыным зэрыхуейр, - дыщIитIуащ Людмилэ. - Ди институтым щIэс ящыщ гупхэм нэхъыпэ нэхъ Iэмалыфl яIэщ лъэпкъ зэхуэмыдэжым кьахэкIауэ еджэхэм, сыту жыпIэмэ, япэхэм щIэныгъэ зрагъэгъэтрыщ, щхьэ и Iэнатlэ кьиплъыхьуэжыну йохэщ. Абыхэм яхэтщ зэчийфIэ дыдэхэр, ауэ щылажьэн зымыгъэтхэрэ. Мыбыхэм я Iуэхур нэхъ тынщ - япэ курсым щIэтIысхьа къудейуэ арами, лъэпкъ псо кьащогугъ, кьаухуейщ, ныбжьыщIэхэм IэнатIэ ягъэуэтынущ.

- Институтым иджыпсту осетин гуп щоджэ. Абыхэм кьаухмэ, нэгъэщI гуп кьащтэну арати, ильэсищкIэ джэхэн хуей мыхъуу, ди жэрдэмыр кьызэрыддиIыгъам папщIэ фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ тетаральнэ институтым и ректор Князев Евгений, анхуэдэуи УФ-м ЩIэнхабзэмкIэ и министрствэм зыкъыщIиГъэхъуащ, - жиIащ Фырэ Руслан. - Ди мурадщ етIанэгъэ балъкъэр студие ГИТИС-м дгъэкIуэну.

Мы гъэм едгъажьэ гупым сэ хуабжьу сапыщIащ. ЩIэдгъэтIысхьэн мурад дыззриIэр институтым и унафэщIхэм щажетIэм, сэ курсым и етIуанэ хуэдэхэм щIэнэщIу сыщытмэ нэхъ кьызэращтэр кьызжаIащ. Сэ абыхэм арэзы садэхъуащ икIи си зыгъэпсэхуГъуэ пIалъэр тезгъэтыхуэрэ, кьуажэ зэхуэмыдэжым щыщ адыгэ щIалэгъуалэр кьыхэхыным иужь дихьащ. Абы нэхъ къыщыхэжаныкIаэр Москва къикIа хьэщIэхэм я пащхьэ кьитщати, цIыху 15 кьыхахащ. НыбжьыщIэхэм ящыщ зыбжанэм зыгъэ щыт щIэныгъэм хэр иужькIэ этауэ араци, абыхэм кьарикIуаэхэм зэкIэ пэплъэн хуейщ, ди гугъэщ ахэр зыхуеину балл бжьыгъэр кьахыну.

Гупым хэтыр зэчийфIэ защIэщ, егугъуэмэ, яхуэзэфIэмыкIын ирихьалIэнукъым. Ахэр щыпсэуну общежитыр институтым нэхъ пэгъуэнэгъуу кьэтIыхьихъуэнурэ щIэдгъэтIысхьэнущ. Сэ си щхьэкIэ сакIэлъыпIьнущ еджэным зэрыхэгъуазэми, кьалэм зэрыщыпсэуфми, зыкъызэрагъэлъагъуэми. НыбжьыщIэхэр фIыуэ еджэмэ, стипендие кьахьынущ, ари кьахуэсэбэпынущ. Дэ дыщеджа зэманым а институтым цIыхушхуэхэм я щIыхькIэ ягъэува стипендиеу тху щатырти, пIыр ди гупым щыщхэм кьэтхьырт. Иджырейхэри а Iуэхум ехъуаIэну си гуапэщ. КьыщынэмыщIауэ, фонд кьызэдгъэпыщыну ди мурадщ, зи адэ-анэр зыдэмыIэпыкъуф студентхэм защIэдгъэкъуэн папщIэ.

Я кIэн кьикIауэ кьэзылъытэ, кьапэплъэ псоми пэльэпыну зи гугъэ, Москва еджакIуэ зэрыкIуэм нэхъри насыпыфIэ ищI щIалэгъуалэр нэжэгужэт, лъэпкъым, республикэм я пщIэр яIэту зэреджэным хуэхьэзырхэт.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Дыщымщ...

Пкьохэм языхэзым лагьым щIалъхьэри, мэкьуауэгъуэм и 29-м щIэпхьаджащIэхэм Iуащхьэмахуэ дэкI кIапсэ гъуэгур аргуэру кьагъэуэну хэтащ. Абыхэм я мурадуэ кьыщIэкIынщ щтапIэ имыхьэжауэ мы щыпIэм зэрыщыIэр, иджыри кьаруэ зэраIэр кьагъэльэгъуэну. Ауэ абы аргуэру кьегъэльагъуэ, езыхэм я Iэтащхьэхэм сыт щыгъуи зэрыжаIэм хуэзэу, а ныбжьыщIэхэм я хъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм зэремызэуэр, атlэ республикэм исхэм, езыхэр кьызыкIэ дьапкъым зэрапэщIэтыр.

МАЗАЕМ щIэпхьаджащIэхэм Iуащхьэмахуэ дэкI кIапсэ гъуэгур кьыщагъуэам щыгъуэ «Старый кругозор», «Мир» станцхэм я зэхуакум кIапсэр щызэпыудри, цIыхухэр зэрыгIыкIыхьэ кабинэ 45-м щыщу 30-р кьехуэхащ. А махуэм террористхэм якъутар кIапсэ гъуэгум и закъуэкъым, абыхэм Iуащхьэмахуэ льапэ щызэтеува турист биснесыр зэрыщыту кьагъэхущ. А щIэпхьаджагъэр щалэжьар Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьныныгъэм ехьэлIа Iуэхуэхмкlэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэм кьыщыпсалъэу Урысейм и Премьер-министр Путин Владимир Кавказ Ищхьэрэм щыIэ округым зегъэужьыным къэрал ахъшэу сом мелард 60 кьызэрыхуаутIыпщынур жиIа нэужьщ. Фегупсысыт а бжьыгъэм! Нобэм кьэс Чегет, Iуащхьэмахуэ, Домбей щIэпхьаджащIэхэм я бгы-лыжэ комплексэм псори зэхэту зыщыщIэ щIыплым щимыгъуэм, апхуэдизу ахъшэр кьагъэсэбэпа нэужь дэ Австриемрэ и курортхэм дапеуэфынущ икIи абы щыгъуэ Iуащхьэмахуэ районым бзаджащIэхэм аргуэру террористщIэпхьаджагъэ щрагъэкIуэжыну зыщыщхуагъэхьэзырам. Ауэ ар абыхэм кьехулакьым террорым пэщIэтыным хуэунэтIа щытыкIэ хэха щыщыIэ иджырей зэманым милицэм, адрей зыхуэфащэ щрагъэхэм я лэжьакIуэхэм, дзэм хэтхэм жащI махуи мы щIыналъэр зэрыщIапыщытыкIым кьыхэкIыу. Ахэр суткэ бжьыгъэкIэрэ мэлажьэ, кьызыхэкIа льэпхькым Iэщэр тезыгъэпса щIэпхьаджащIэхэм кьурш-хэм кьызэрыраГъэкъэбзэкIыным зы сыхьэти зэпамыгъэ уэ хущIокъу. ЩIэпхьаджащIэхэм ягу зэгъуэ зэрыкIыныкьым Iуащхьэмахуэ льапэ щIопсэуэхэр туристхэр кьызэрымыкIуэм кьыхэкIыу хэхьуэншэу кьызэрына кьудейм и закъуэкIэ. Иджы абыхэм эм мураду зыхуэгъэзыжыкагъэмэ ауэ щIыналъэм и курорт инфраструктурэр, цIых уэрэ зыхэпсэуэкIыр, зэтракъутэну.

Езы цIыхухэр-щэ?.. Сыт абыхэм зыри щIыжамылIэр? Сыт кьалъыхьуэкIа гуэзэгъэгъуэ псорн хабзэхэмэхэм, республикэм и Iэтащхьэм, Москва, нэгъуэщI льэпкъхэм щIэтралъхьэр. Сыт бзаджащIэхэр щIамыгъэхуэнщэр, ахэр кьэдым яцIыхуэм, щыпсэуа щIыпIэр, Iэщэ кьыщащта зэманыр, зи гъусэу мэзым щIыхьэжажэр ящIэ пэтми? ЩIэпхьаджащIэ гупым лажьэ-щхэжу кьекIуэкI льэпкъыр ягъэшынауэ ара? Бгырыскэм хэт нэхьри нэхъыфIу ящIэ мамыру зэрэпсэуным и щIыналъэ зэрыщIапыщытыкIым кьыхэкIыу. Ахэр суткэ бжьыгъэкIэрэ мэлажьэ, кьызыхэкIа льэпхькым Iэщэр тезыгъэпса щIэпхьаджащIэхэм кьурш-хэм кьызэрыраГъэкъэбзэкIыным зы сыхьэти зэпамыгъэ уэ хущIокъу. ЩIэпхьаджащIэхэм ягу зэгъуэ зэрыкIыныкьым Iуащхьэмахуэ льапэ щIопсэуэхэр туристхэр кьызэрымыкIуэм кьыхэкIыу хэхьуэншэу кьызэрына кьудейм и закъуэкIэ. Иджы абыхэм эм мураду зыхуэгъэзыжыкагъэмэ ауэ щIыналъэм и курорт инфраструктурэр, цIых уэрэ зыхэпсэуэкIыр, зэтракъутэну.

Езы цIыхухэр-щэ?.. Сыт абыхэм зыри щIыжамылIэр? Сыт кьалъыхьуэкIа гуэзэгъэгъуэ псорн хабзэхэмэхэм, республикэм и Iэтащхьэм, Москва, нэгъуэщI льэпкъхэм щIэтралъхьэр. Сыт бзаджащIэхэр щIамыгъэхуэнщэр, ахэр кьэдым яцIыхуэм, щыпсэуа щIыпIэр, Iэщэ кьыщащта зэманыр, зи гъусэу мэзым щIыхьэжажэр ящIэ пэтми? ЩIэпхьаджащIэ гупым лажьэ-щхэжу кьекIуэкI льэпкъыр ягъэшынауэ ара? Бгырыскэм хэт нэхьри нэхъыфIу ящIэ мамыру зэрэпсэуным и щIыналъэ зэрыщIапыщытыкIым кьыхэкIыу. Ахэр суткэ бжьыгъэкIэрэ мэлажьэ, кьызыхэкIа

● Ди хьэщIэщым

Марьянэ Амман къыщыпэплъа насып

Адыгэ хэкэсхэмрэ хэкурыгъсхэмрэ зэпымыщIэ лъэныкъуэм и ныбжьыкIэ Марьянэ Амманрэ Iуфлэ зэрыгъэпсыгъэ и щIэблэ, Иорданием щыпсэу Абазэ Хьусенрэ Зелькъуе щыщ ХьэфIыщIэ Марьянэрэ. Абыхъэм ильэситщI и пэкIэ нуэуа унагъуэ дахэр нурымрэ берычэтымрэ хьыбжьыкIэ адыгэ жьэгу хуабэ хьуащ.

Къэрал зырыз къыщалъхуами, адыгэлъымрэ адыгагъэмрэ зэпащэа зэщхьэгъусэхэм зэхуэцытыкIэ дахэ я зэхуэдэу дэлащ, дыгъэм хуэдэу бынтщ иIэщ. Ауе гумащIэу, щхьэгъуэ пэжу, унэуащэ къызэрымыкIуэу Амман щыпсэу ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэр и анэм дежь лъагъунлъагъу къэкIуэжауэ мы махуэхэм Налшык щохьащIэ. Дэри ди нэIуасэ Марьянэ и адэ кьуэш, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд дежь къыщыхьауэ дыхуэзатри, ди лъакъэм километрищэ ёжьагъэкIэ пэжыжьэ щIыналъэм къыщитгъуэта и насыпым, хамэ къэрал уищIысэуныр зыхуэдэм, унагъуэ быдэм лъабжьэ хуэхъум, зыхэсхэр къызэрыщыхьым тедгъэпсэлъыхьыну ди хьэщIэщым кьедгъэблэгъащ.

НЫБЖЬШIУЭ имыIэми, гъащIэм кууу хэзыщIыкI, жьыжьэ кIуэцIрыплъыф, унэгуащэмрэ анэмрэ я кьалэнхэм нэгъэсауэ щыгъуаэз, ахэр нобэ дахэу зыгъэзащIэ Марьянэ Налшык кьащалъхуащ. Курыт шк оныр кIыуха нэужь, КъБКъУ-м щIэтIысхащ икIи химиемкIэ Мухьэмадэмрэ юридическэ факультетымрэ кIиутхащ, КъБР-м и Парламентым, судым, адвокатурэм щылэжьащ. Юрист IущIагъэм хэль щэхуэхэр зригъэщIа нэужь, цIыхухэм уадэIэпыкIыныр нэхъ кIыхьхэри, илъэс зыбжанэкIэ уэчыпу щытащ. Адэжь анэ зэпIэзэрыт зиIэ, унагъуэ тэмэм кIыхьэкIа, щIэныгъэрэ Iэщагъэрэ зыбгъэдэлъ пщащэ Iэдэбым, щIыкIафIэм кIыхьукъуэпIь щIалэхэр мащIэтэкъым, ар нысэ зыщIыну екъуапсэ хэри куэд хъ урт, арщхьэкIэ, уи насып зыхъ-пIым уримыхьэлIауэ, гъащIэ гъуэ зэщIыну зэуэ кIыпхуэзыкIыным...

Иорданиемрэ КъБР-мрэ зэрыIэздэлажьэ Iуэхухэм ящыщу Абазэ Хьусен зэгуэрым кIыхьатекIуэхьа кьалэныр и щхьэм ехьэIа фIыгъуи кIыхьудэкIуаг - абы ХьэфIыщIэхэ я пхьур зригъэщIыхуащ, хуабжьуи игу иригъэкIащ.

- Ди ныбжьыгъуэхэм дышыззэрагъэдыхьуэ тщыхьэщхьэм псэльгъэ гъэщIэгъуэну, щIыхь зэпIэзэрыту кIыхьыщIыхуащ Хьусен. Ауэ абы нэхъыбэкIэ зэпэспIыхьатэкъым, - игу кьегъэкIыж Марьянэ. - Ныжьыдэ и мурадкэр кIыщысщIам, щэч хэмылъу, зыхьхъунщIащ, Иорданием сыщымыпсэуфыну кIыщыхьурти. Хьусен и шыпхъу Нэхьмэт Хьэбэрдейм кьашауэ щопсэу, Къардэнэрэ я нысэщ. Мис абы и щхьэгъусэращ дэ тIур дыкIэпIщIэным зи гуащIэ нэхьыбэ езыхьэлIар (*мэдыхьэшх*), ар си анэми хуэзащ.

ЩIалэр сигу иригъэкIыжкIэ, си анэм и закъуэу Налшык кьыдэзыху сэ Аммани сыкIуэныр кьыхсхуегъэзэгъыртэкъым, кьищынэмыщIауэ си Iэнатlэми, си ныбжьэгъухэми, Iыхьлыхэми япIэщIэ сызэрыхьуну кIыхьэхьэлъэкIыр т. АрщхьэкIэ сыт хуэдэ Iуэху кьыпхьэлъэкIи, анэрыкъэ нэхъ чэнджэщагъуфIу уиIэр? Абы сытригъэгушхуащ.

Уи насып зэхэльмэ, сыт хуэдиз щхьэусыгъуи къэгупсысыси пэт - уи натIэм къритхам уфIэжьинукъым... Хьусен тхьапIэ Iуэхуэхэр зэфIигъэкIа нэужь, Налшык хьэгъуэлIыгъэ щытщIащ. ИтIанэ Амман дылъэтэжри, абыи хьэгъуэлIыгъэ екIу щыпхъашащ.

- Дауэ кьыпщыхъуат узыхыхьахэр? Адыгэ унагъуэ уихьами, адэжь лъахэм уэзрыпIэщIэр кьохьэлъэкIакъэ, адыгэбзэм уху ззэщыну кьыпхуихуакъэ? КIэщIу жыпIэмэ, дауэ уахэсыхьа?

- Сызэрыхьа унагъуэм Iуэхуэ кьэгъуэ тыгъуейт. Зэкъуэшихэр зэшыпхъуищрэ хъурти, зэнэзэпсэу зэдэпсэурт. Я анэм хьат ку зду зэтет унэ яхуищIри, псори абы унагъуэ щхьэхуэ-щхьэхуэу щIигъэтIысхьэжауэ щыпсэуу арат. АдыгэбзэкIэ фIкIа зи бынхэм емыпсалъэ си гуащэм нысэ хуэхъуахэри адыгэ унагъуэ кьыхэкIа защIэти, хамэ щыпымыдзэ сыкьыщIухтуэу кьыхсщихьуакъым.

Зэкъуэшхэм псоми хамэ кьэралхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтауэ Iэщагъэ зырызыхьэ яIэу мэлажьэ. Абыхэм ящыщу зы щIалэрэ зы кьыджэбзэрэ псэужыкъым, ауэ мыдрей псори я унэм дыщIэсщ. Уэзыхьлы дыдэу икIи уэзгъынэгъуу упсэуным нэхъыфI щыIэу кьыщIэкIынкъым. Бынхэмгъуэ гуэр кьыкьуэкIми, гуфIэгъуэ диIэми дыщэзыуэтщ, я нэхъ мащIэ дэрэжэгъуэри эздэтIэту апхуэдэщ. Зэкъуэшхэмрэ зэныснэгъуэрэ фIыуэ дыззэрызэхущытымрэ тыншу дыкьыззэрыззэдэгъуэгурыкIуэмрэ зи фIыщIэр си гуащэрэщ, абы дыхуэарэзыщ и бынхэри и нысэхэри. Си жагъуэ зэрыхъунщи, сэ илъэситI кьудейщ абы сызэрыдэпсэуар, дунейм ехьжащ. Ауэ а илъэситIым кьриубыдэу абы си гуапэ кьызэрыщIамрэ кьызэрыхъуэ щытамрэ пхужьмыIэн хуэдизу гухэхъуэщ. Ар адыгэбзэкIэ фIэкIа кьопсэльэнутэкъым, егъэлеяуэ псэльэкIа дахи иIэт. Арац и бынхэми щапхъэ зытрахар, псори зэрызэпсалъэр ди анэдэлхъубзэщ.

- Зы уардэунэ нухуэу и бынхэр псори щIигъэтIысхьэжыну зыхуэзфIэкIын бзылъхугъэ куэд щыIэу кьыщIэкIынкъым, абы и лъэныкъуэкIэ гъыIэр- зэпIэзэрыт щIалэр уи гуащэм...

- Пэжщ. Я бынхэр щыкIуу, и ныбжьыр илъэс 40 фIэкIа мыхьуауэ, дунейм ехьжащ абы и щхьэгъусэр. Абы щыгъуэм сабийхэм я нэхъыщIэр зы илъэсрэ ныкъуэрэ хъууэ арат. Пасэу гуэвэгъуэр зыхъэзыща цIыхубзым и лъэр щIэкъу зэрымыхъунур заншIэу кьыгурыIуащ икIи и бгыр щIикъуээри, и бынхэр зыхуей хуигъэзащ. И адэми зы ныбжьщIакъуэрт абы - ар хъэщIауэ псэурт, шы лIэрурт, мылъку бгъэдэлът.

Си гуащэр кьызыхэкIахэм сытым дежи я Iуэху дэкIыу щытащ - абы и адэшхэр, хэкуэжьми ирахуар, щIым телэжьныхь цIыку ахьыбрэмант. ЩIым гъавэ тесэныр, щхьуантIагъэхэр кьэгъэкIыныр хьэрпIэхэм яхэзыхьа адыгэхэм ящыщт ар. Амман и хьуреягъым кьеклуэкI бгыхэм адыгэхэм нартыху, гуэдз ху здэхэр трасу, мэл щагъэхьуу ирагъэжьащ икIи а IуэхущIафэхэм зрагъэужьауэ нобэ кьадокIуэкI.

- Амман дэт «адыгэ унэм» щыIэхэс зэкъуэшхэм, Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм сыт хуэдэпщIэ кьыхуащIрэ зыхьрипхэм?

- А хъэрыпI къэралыгъуэм щыхэхэс адыгэхэм сытыми дежи пщIэшхуэ яIэу кьеклуэкIащ. Ноби апхуэдэщ: сыдадыгэщ жыпIамэ, уаIэтынущ. Ар кьызыхэкIар къэралыгъуэм и пащтыхьыр адыгэхэм зэрахъумэрауэ кьыщIэкIынщ. Пащтыхь унагъуэм щыщ зэкъуэшхэр хэти Сириеи, хэти Иракым щауклащ, абыхэм ящыщ Абдалла и щхьэр хьуна щIэхъуар адыгэхэм я хахуагъэщ. Къэралыгъуэм и япэ пащтыхьым и сурэту щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыфIэдзахэм щыбольагъу адыгэ фащэ зыщыгъ, адыгэшым тес щIалэхэр. Си пщыкъуэ нэхъыжьри илъэс 36-кIэ хэтащ а гвардием.

Адыгэхэр кьуажэ-кьуажэкIэрэ зэхэсти, я бзэри, я хабзэри яхъумэжащ. Иджыпсту Амман дэсхэр щIэх-щIэхыкъэ зэрызэхуэзэм, зэрызэрыщIэм, зэрызэрыпIыхьуэ нэхъэнэшхуэ иIэщ я бгъэзя яIэщIэмыхужьымкIэ. Езыхэм я хабзэ яIэжу, я анэдэлъхубзэмкIэ псалъэу зэрыщытым щхьэкIэ нэмыплъ кьратту схужьIэнукъым, хьарзынэу зэгуроIуэ, зэдопсэу, пщIэ зэхуащI адыгэхэмрэ кьызэрхэмрэ.

- Езы хьэрыпхэр я цIыхугъэкIэ, я дуней тетыкIэкIэ сыт хуэдэ?

- Хуабжьу гуапэхэщ икIи цIыху фIыуэ яIьагъу. ХьэщIапIэ кIуэнуи, я лъэ хьэщIэ ирагъэблэгъэнуи яфIэфIщ. Бзылъхугъэхэм унагъуэр зыхуей хуагъаз э, сабийхэр япIу, ягъасэу унэм щIэсыныр нэхъ кьащтэ. Унагъуэм яшхынымрэ зэрыпсэуныкIэ кьеклэлIэныр си кьалэныр цIыхухэращ.

ЦIыхухэм сахьыхэнущи, ямылей гуэр е зыми ящымыгъ, фэилъхьэгъуэ лъапIэ щыдэщыстIэгъэнт жиIэу зы хэзрыпи пхуелIэлIэнукъым, езым нэхъ тыншу кьызэрыкIуахьи, и Iэпкълъэпкъым зэрызигъэпсэхунщ нэхъ зытригащIэр. Ахэр цIыху зэпIэзэрыпщ, набдзэгубдзапльэщ. Сабийхэм щIэкIиеу, еу зу пльагъунукъым. ТкIэм кьарита а «тельыджэхэм» гуапэу яхуущытщ. КьищынэмыщIауэ, хьэрыпхэр бэшэчащ, гуапагъэм, дахагъэм гу лъатэу, цIыхухэм я зэхуакъ дэлъын хуэй зэхущытыкIэфIыр япэ ирагъэщу апхуэдэщ. А псори кьызыхэкIыр ислъам диным кьитIэуэ щыгалъэхэм зэрытетыр арагъэнщ. Псалъэм папщIэ, зыгуэрым мыхъумыщIагъэ Iэщ Iэщауэ щэч хуащIмэ, абы ящIам щыхьэт техъуэ щыхупIлI къуэныхуейр ар ягъэкъэзнщэн щхьэкIэ. Нэфl-нейкIэ, щэч хуащI къудейкIэ кьэгугбжьу пIащIэрыщIэу тезыр тральхьэнукъым.

- Иорданиер мусульмэн къэралщ. Щэч хэмылъу, фи унагъуэм исхэми зэрахьэ диныр...

- Си щхьэгъусэм нэмэз ещI, ди щIалэри, куэд мыщIэу и ныбжьыр илъэси 9 ирикъунущи, диным кьигъэув кьалэнхэр игъэззэщIэным хуеГъасэ.

Иужьрей зэманым ди лъаэхэм кьыщыхьу-кьыщыщIэхэм цIыкухэр диным щигъэщтащ. Къэбгъэльагъуэмэ, абы Iей лъэпкъ хэлъкъым икIи цIыху укIыним, лей зехьэнми укIыхуэсыдижь зы псалъи Къурlэнкъым уцирихьэлIэнукъым. Иорданием щыпсэухэр мэрем кьэж мэжджитхэм щыIэхэуос, нэмэз ящI, хьэдисхэм зыщагъэгъуэзэ. Абы мыхьэнэщхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а гъуэгум тетхэми техьагъащIэхэмри кIэм и нэсыгъэ щIэныгъэм и купщIэр, абы пылъ сэбэпныгагъымрэ псапэмрэ. Абы ипкъ иткIэ, мусульмэнгъыр пэжжу кьызыгурыуIэхэм, е зэрыжаIэу, мэсхьэб ергъэлъэн кьыхьэм ядэлъэкIын хуейщ, абыхэм кьаIэрыхьэ тхьилъ купщIэнэшхэм кьраджьыкIыр зэрымыпэжыр ягурыгъэIуэн хуейщ, Правительствэм и деж щегъэжьауэ кьызэрыгуэкI дин лэжьакIуэм деж щиухьжу щIалэгъуэлъэм ядэлъэкIыхьэщ.

Сыт хуэдэ Iуэху мыхъумыщIэри зэрыбгъэкIуэдыфынур пэжыр, фIыр, дахэр пэбгъэувкIэрэщ. Иджыпсту дыкьыззэрыхута щытыкIэмэ кэхьилIэ кьыхуэбгъуэтыфынку кьыщоухьу. Япэрауэ, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыщIэр, ислъам диным и тхыдэр, хэль гупсысэ нэхъыщхьэр курыт школхэм щегъэджьын хуейщ. Ахэр ящIэу кьыдэкIуэтейм, щIэблэр нэгъуэщI Iуэху епльыкIэм дихьэхьныкъым. Абы щхэхуу мэжджитхэм ущытепсэльыхькIэ, духьэшыхэр елэжькIэ зэрэпсIынукъым, атIэ телевиденэмкIэ, радиомкIэ, газетымкIэ къэптын хуейщ. Iущагъэшхуэ зыхэлъ хьэдис куэд щыIэщ, ахэр цIыхухэм зэхахамэ, кьеджамэ сыту куэд кьыхэхьынут. Псэ ухеIуэзыгъащIэщ, фIым ухуэзэущийщ абы ит псори. Абы хэм зэрыщыгъуэазэр, диным кьигъэув псори зэрагъэзащIэр арагъэнщ хьэрыпхэр цIыкум хуэгъуапэу, фIым телажьэу щIэпсэурт.

- Марьянэ, уи унагъуэмкIэ кьэдгъэзэжынщи, унэгуащэм и фIагъыр и пщэфIэкIэм кьигъэльагъуэу жаIэ. Уэ зыгуэркъуэ ерыскъыхэр упщэфIу зебгъэса? Фи ныбжьэгъу хьэрыпхэм ди лъэпкъ щхыныгъуэхэр яIубгъэхуа?

- Си унагъуэм адыгэ щхынигъуэхэри, хьэрпIи щхынигъуэхэри щызэпощэфI. Тшыну тфIэфIыр, дауи, ди лъэпкъ ерыскъыхэращ, ауэ хьэрпIхэм я пщэфIэкIэри хуабжьу сигу ирихьырти, зезгъэсащ. ХадзэкъэкIэмрэ кьэжьгъэхэмрэ абыхэм нэхъыбэу яшхыр, прунж, соус зэмыщIэкъэр сытым дежи япщэфI.

УмышIэхъэу кьыщIыхьам Iэмал имыIэу Iэфыкъуэрэ щейрэ я кьыхутебгъэувэнущ, ауэ кьебгъэблэгъамэ, екIуэрещхьу бгъэхьэщIэнущ. Пэжыр жысIэнщи, хэкум и адыгэм кьиIэт ерыскъы беры чэтым, зы хьэщIэм хуапщэфI кьомым хуэдиз Iэуэ игъэхьэзэрыркъым хьэрыпIым. Ар кьыхэхэкIыр дагъэ, щ эзэкIэ щхынигъуэхэр зэрафэмыкIыпщ, я узынщагъэм хуабжьу зэрыкIэлъыплIырыц. Абыхэм нэхьыбэу кьытрагъэуэвэр прунж зыхэль щхынигъуэ нэхъыщхьэмрэ салат зэмыщхь зыбжанэрэщ. «Къуат зыщIэльыр мыракъэ», - жаIэу адыгэхэм яшх лы пшэрым, унагъуэ джэдым, тхъупсыр зытет лъэпкъ щхынигъуэ зэмыщхьэхэм хуэдэ яфIэфIкъым хьэрыпхэм. Ахэр зыщыщынэ холестериным щыщтэртэхым махуэ псоми губгъуэм иту, IэпщэкIэ лажьэу щытта ди адэжьхэр.

Сэ сыкъапщтэмэ, псынщIагъэ гуэр тшхыну дигу кьыщихьахэм дежь хьэрыпI ерыскъыхэр согъэхьэзыр, армыхьэмэ нэхьыбэу сыпщэфIыр адыгэ щхынигъуэхэращ. Абы и Iэфlагъыр, гуэкIуагъэр кьащIэну хунэсащ ди ныбжьэгъу хьэрпIхэмэ.

☆☆☆

Шхын псынщIэм еса щхьэкIэ, хэт Iэфlу шхэну зыфIэмыфIыр?

- Марьянэ, адэжь лъахэм, уиныщIалъхуа лъапсэм ущыхуэзэри кьыпхуихуэрэ?

- Япэ лъэхьэнэхэм гугъу сехьауэ кьыщIэкIынщ, си Iыхьлыхэри спэжьжьэ у, сызэрэ щхъуантIагъэми сыхуэныкъуэ у, щIыгъупсэмрэ. Ди кьалэмрэ сахуэзэщу. Ауэ сызыхьыхьаэр апхуэдизкIэ цIыхугу апэт, гумащIэти, псоми зыкъысщIагъакъуэщ, кьыскъуэувэри, лъаэхэм сыхуэзэщыну Iэмал кьызатакъым. Си нысэгъуэм я адыгэбзэр тIэкIу ныкъуэми, сэ кьыззэпсальэурэ хуэшэрыуэ хьужащ.

Апхуэдэуи си анэм и Iуэху зыIутыр кьэсщIэнымкIэ, и макъ зэхэсхьынымкIэ телефоныр IэмалыфIти, сигъэзэщакъым.

Иджы сэ илъэс кьэс сыкьоклуэж, си анэри ныкъуэ, си Iыхьлыхэм ящыщи щIэхщIэхыуэр си хьэщIэщ. КьищынэмыщIауэ, Тэрч, Лэскэн, Бахъсэн куейкэм ящыщ абы наша нысащIэ цIыкIу куэд си гъунэгъущ. Абыхэм махуэ кьэс сахуозэри, зикI хамэ щIыналъэ сыщIыIэу, си лъэпкъым сыпэIэщIу кьыскъыхьркъым.

- Ди быныкэм сыт я ныбжь, сыт хуэдэ гъэсэныгъэ ябгъэдэфIыхьэрэ?

- Сабийхэм щIалэр я нэхъыжьщ, абы хьыджэбзитI кьыкIэльокIуэ. Щыри, ныбжькIэ куэд яэхъуакуькъым, сытым дежи зэгъусэщ. Ди псэупIэм и гъунэгъуу унеI школ щытщи, абы Алий 3-нэ классым щIэсщ, Жесмин япэ классым кIуэнуц, Алинэ я абы хэт сабий гъэсапIэм макIуэ. Нэхъыщхьэу дгъэ уэвар сабийхэр кьыкъыжьIэр ящIэжу, я анэдэлъхубзэр ягъэшэрэу я къэгъэ хьунырщ. Унэм дызэрыщIапсальэр, щэч хэмылъу, адыгэбзэщ. Ауэ цIыкIуэр школым, гъэсапIэм кIуа, нэужь, хамэбзэкIэ зэзгъэзэфIэн, ящIэрыпныбжьэгъуэр, яIэщ. Абыхэм ящIэ адыгэ сабийхэм я бзэ, хабзэ зэрапIэжыр. Ауэ абы щхьэкIэ зэхэгъэжьгуэрыщIэ, абы кьыхэкIыу кьэтлытащ Нарт санэ щедгъэкIуэжьI зыгъэсэныгъэр зэпыдмыгъэумэ нэхъыфIу. Иджыпсту кьалэм щыкъалэм и ныбжьыкъуэ зэныгъэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтауэ Iэщагъэ зырызыхьэ яIэу мэлажьэ. Абыхэм ящыщу зы щIалэрэ зы кьыджэбзэрэ псэужыкъым, ауэ мыдрей псори я унэм дыщIэсщ. Уэзыхьлы дыдэу икIи уэзгъынэгъуу упсэуным нэхъыфI щыIэу кьыкIэкIынкъым. Кьыдэмэрэ факультетымрэ кьиутхащ, КъБР-м и Парламентым, судым, адвокатурэм щылэжьащ. Юрист Iущагъэм хэль щэхуэхэр зригъэщIа нэужь, цIыхухэм уадэIэпыкIынрэ нэхъ кьыхихри, илъэс зыбжанэкIэ уэчыпу щытащ. Адэжь анэ зэпIэзэрыт зиIэ, унагъуэ тэмэм кьыхэкIа, щIэныгъэрэ Iэщагъэрэ зыбгъэдэлъ пщащэ Iэдэбым, щIыкIафIэм кьыхуукъуэпIь щIалэхэр мащIэтэкъым, ар нысэ зыщIыну екъуапсэ хэри куэд хъ урт, арщхьэкIэ, уи насып зыхъ-пIым уримыхьэлIауэ, гъащIэ гъуэ зэщIыну зэуэ кIыпхуэзыкIыным...

Иорданиемрэ КъБР-мрэ зэрыIэздэлажьэ Iуэхухэм ящыщу Абазэ Хьусен зэгуэрым кьыыьатекIуэхьа кьалэныр и щхьэм ехьэIа фIыгъуи кьыхуэдэкIуаг - абы ХьэфIыщIэхэ я пхьур зригъэщIыхуащ, хуабжьуи игу иригъэкIащ.

- Ди ныбжьэгъухэм дышыззэрагъэдыхьуэ тщыхьэщхьэм псэльгъэ гъэщIэгъуэну, цIыху зэпIэзэрыту кьыскъыхьуащ Хьусен. Ауэ абы нэхъыбэкIэ зэпэспIыхьатэкъым, - игу кьегъэкIыж Марьянэ. - Ныжьыдэ и мурадкэр кьыщысщIам, щэч хэмылъу, зыхьхъунщIащ, Иорданием сыщымыпсэуфыну кьыщыхьурти. Хьусен и шыпхъу Нэхьмэт Хьэбэрдейм кьашауэ щопсэу, Къардэнэрэ я нысэщ. Мис абы и щхьэгъусэращ дэ тIур дыкIэпIщIэным зи гуащIэ нэхьыбэ езыхьэлIар (*мэдыхьэшх*), ар си анэми хуэзащ.

ЩIалэр сигу иригъэкIыжкIэ, си анэм и закъуэу Налшык кьыдэзыху сэ Аммани сыкIуэныр кьыхсхуегъэзэгъыртэкъым, кьищынэмыщIауэ си Iэнатlэми, си ныбжьэгъухэми, Iыхьлыхэми япIэщIэ сызэрыхьуну кьыхэхьэлъэкIыр т. АрщхьэкIэ сыт хуэдэ Iуэху кьыпхьэлъэкIи, анэрыкъэ нэхъ чэнджэщагъуфIу уиIэр? Абы сытригъэгушхуащ.

Уи насып зэхэльмэ, сыт хуэдиз щхьэусыгъуи къэгупсысси пэт - уи натIэм къритхам уфIэжьинукъым... Хьусен тхьапIэ Iуэхуэхэр зэфIигъэкIа нэужь, Налшык хьэгъуэлIыгъэ щытщIащ. ИтIанэ Амман дылъэтэжри, абыи хьэгъуэлIыгъэ екIу щыпхъашащ.

- Дауэ кьыпщыхъуат узыхыхьахэр? Адыгэ унагъуэ уихьами, адэжь лъахэм уэзрыпIэщIэр кьохьэлъэкIакъэ, адыгэбзэм ухуэзэщыну кьыпхуихуакъэ? КIэщIу жыпIэмэ, дауэ уахэсыхьа?

- Сызэрыхьа унагъуэм хуэдэ кьэгъуэ тыгъуейт. Зэкъуэшихэр зэшыпхъуищрэ хъурти, зэнэзэпсэу зэдэпсэурт. Я анэм хьат ку зду зэтет унэ яхуищIри, псори абы унагъуэ щхьэхуэ-щхьэхуэу щIигъэтIысхьэжауэ щыпсэуу арат. АдыгэбзэкIэ фIкIа зи бынхэм емыпсалъэ си гуащэм нысэ хуэхъуахэри адыгэ унагъуэ кьыхэкIа защIэти, хамэ щыпымыдзэ сыкьыщIухтуэу кьыхсщихьуакъым.

Зэкъуэшхэм псоми хамэ кьэралхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтауэ Iэщагъэ зырызыхьэ яIэу мэлажьэ. Абыхэм ящыщу зы щIалэрэ зы кьыджэбзэрэ псэужыкъым, ауэ мыдрей псори я унэм дыщIэсщ. Уэзыхьлы дыдэу икIи уэзгъынэгъуу упсэуным нэхъыфI щыIэу кьыкIэкIынкъым. Кьыдэмэрэ факультетымрэ кьиутхащ, КъБР-м и Парламентым, судым, адвокатурэм щылэжьащ. Юрист Iущагъэм хэль щэхуэхэр зригъэщIа нэужь, цIыхухэм уадэIэпыкIынрэ нэхъ кьыхихри, илъэс зыбжанэкIэ уэчыпу щытащ. Адэжь анэ зэпIэзэрыт зиIэ, унагъуэ тэмэм кьыхэкIа, щIэныгъэрэ Iэщагъэрэ зыбгъэдэлъ пщащэ Iэдэбым, щIыкIафIэм кьыхуукъуэпIь щIалэхэр мащIэтэкъым, ар нысэ зыщIыну екъуапсэ хэри куэд хъ урт, арщхьэкIэ, уи насып зыхъ-пIым уримыхьэлIауэ, гъащIэ гъуэ зэщIыну зэуэ кIыпхуэзыкIыным...

Иорданиемрэ КъБР-мрэ зэрыIэздэлажьэ Iуэхухэм ящыщу Абазэ Хьусен зэгуэрым кьыыьатекIуэхьа кьалэныр и щхьэм ехьэIа фIыгъуи кьыхуэдэкIуаг - абы ХьэфIыщIэхэ я пхьур зригъэщIыхуащ, хуабжьуи игу иригъэкIащ.

- Ди ныбжьэгъухэм дышыззэрагъэдыхьуэ тщыхьэщхьэм псэльгъэ гъэщIэгъуэну, цIыху зэпIэзэрыту кьыскъыхьуащ Хьусен. Ауэ абы нэхъыбэкIэ зэпэспIыхьатэкъым, - игу кьегъэкIыж Марьянэ. - Ныжьыдэ и мурадкэр кьыщысщIам, щэч хэмылъу, зыхьхъунщIащ, Иорданием сыщымыпсэуфыну кьыщыхьурти. Хьусен и шыпхъу Нэхьмэт Хьэбэрдейм кьашауэ щопсэу, Къардэнэрэ я нысэщ. Мис абы и щхьэгъусэращ дэ тIур дыкIэпIщIэным зи гуащIэ нэхьыбэ езыхьэлIар (*мэдыхьэшх*), ар си анэми хуэзащ.

ЩIалэр сигу иригъэкIыжкIэ, си анэм и закъуэу Налшык кьыдэзыху сэ Аммани сыкIуэныр кьыхсхуегъэзэгъыртэкъым, кьищынэмыщIауэ си Iэнатlэми, си ныбжьэгъухэми, Iыхьлыхэми япIэщIэ сызэрыхьуну кьыхэхьэлъэкIыр т. АрщхьэкIэ сыт хуэдэ Iуэху кьыпхьэлъэкIи, анэрыкъэ нэхъ чэнджэщагъуфIу уиIэр? Абы сытригъэгушхуащ.

Уи насып зэхэльмэ, сыт хуэдиз щхьэусыгъуи къэгупсысси пэт - уи натIэм къритхам уфIэжьинукъым... Хьусен тхьапIэ Iуэхуэхэр зэфIигъэкIа нэужь, Налшык хьэгъуэлIыгъэ щытщIащ. ИтIанэ Амман дылъэтэжри, абыи хьэгъуэлIыгъэ екIу щыпхъашащ.

- Дауэ кьыпщыхъуат узыхыхьахэр? Адыгэ унагъуэ уихьами, адэжь лъахэм уэзрыпIэщIэр кьохьэлъэкIакъэ, адыгэбзэм ухуэзэщыну кьыпхуихуакъэ? КIэщIу жыпIэмэ, дауэ уахэсыхьа?

- А хъэрыпI къэралыгъуэм щыхэхэс адыгэхэм сытыми дежи пщIэшхуэ яIэу кьеклуэкIащ. Ноби апхуэдэщ: сыдадыгэщ жыпIамэ, уаIэтынущ. Ар кьызыхэкIар къэралыгъуэм и пащтыхьыр адыгэхэм зэрахъумэрауэ кьыщIэкIынщ. Пащтыхь унагъуэм щыщ зэкъуэшхэр хэти Сириеи, хэти Иракым щауклащ, абыхэм ящыщ Абдалла и щхьэр хьуна щIэхъуар адыгэхэм я хахуагъэщ. Кьэралыгъуэм и япэ пащтыхьым и сурэту щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыфIэдзахэм щыбольагъу адыгэ фащэ зыщыгъ, адыгэшым тес щIалэхэр. Си пщыкъуэ нэхъыжьри илъэс 36-кIэ хэтащ а гвардием.

Адыгэхэр кьуажэ-кьуажэкIэрэ зэхэсти, я бзэри, я хабзэри яхъумэжащ. Иджыпсту Амман дэсхэр щIэх-щIэхыкъэ зэрызэхуэзэм, зэрызэрыщIэм, зэрызэрыпIыхьуэ нэхъэнэшхуэ иIэщ я бгъэзя яIэщIэмыхужьымкIэ. Езыхэм я хабзэ яIэжу, я анэдэлъхубзэмкIэ псалъэу зэрыщытым щхьэкIэ нэмыплъ кьратту схужьIэнукъым, хьарзынэу зэгуроIуэ, зэдопсэу, пщIэ зэхуащI адыгэхэмрэ кьызэрхэмрэ.

- Езы хьэрыпхэр я цIыхугъэкIэ, я дуней тетыкIэкIэ сыт хуэдэ?

- Хуабжьу гуапэхэщ икIи цIыху фIыуэ яIьагъу. ХьэщIапIэ кIуэнуи, я лъэ хьэщIэ ирагъэблэгъэнуи яфIэфIщ. Бзылъхугъэхэм унагъуэр зыхуей хуагъаз э, сабийхэр япIу, ягъасэу унэм щIэсыныр нэхъ кьащтэ. Унагъуэм яшхынымрэ зэрыпсэуныкIэ кьеклэлIэныр си кьалэныр цIыхухэращ.

- Марьянэ, уи унагъуэмкIэ кьэдгъэзэжынщи, унэгуащэм и фIагъыр и пщэфIэкIэм кьигъэльагъуэу жаIэ. Уэ зыгуэркъуэр упщэфIу зебгъэса? Фи ныбжьэгъу хьэрыпхэм ди лъэпкъ щхыныгъуэхэр яIубгъэхуа?

- Си унагъуэм адыгэ щхынигъуэхэри, хьэрпIи щхынигъуэхэри щызэпощэфI. Тшыну тфIэфIыр, дауи, ди лъэпкъ ерыскъыхэращ, ауэ хьэрпIхэм я пщэфIэкIэри хуабжьу сигу ирихьырти, зезгъэсащ. ХадзэкъэкIэмрэ кьэжьгъэхэмрэ абыхэм нэхъыбэу яшхыр, прунж, соус зэмыщIэкъэр сытым дежи япщэфI.

УмышIэхъэу кьыщIыхьам Iэмал имыIэу Iэфlыкъуэрэ щейрэ я кьыхутебгъэувэнущ, ауэ кьебгъэблэгъамэ, екIуэрещхьу бгъэхьэщIэнущ. Пэжыр жысIэнщи, хэкум и адыгэм кьиIэт ерыскъы беры чэтым, зы хьэщIэм хуапщэфI кьомым хуэдиз Iэуэ игъэхьэзэрыркъым хьэрыпIым. Ар кьыхэхэкIыр дагъэ, щэ зэкIэ щхынигъуэхэр зэрафэмыкIыпщ, я узынщагъэм хуабжьу зэрыкIэлъыплIырыц. Абыхэм нэхьыбэу кьытрагъэуэвэр прунж зыхэль щхынигъуэ нэхъыщхьэмрэ салат зэмыщхь зыбжанэрэщ. «Къуат зыщIэльыр мыракъэ», - жаIэу адыгэхэм яшх лы пшэрым, унагъуэ джэдым, тхъупсыр зытет лъэпкъ щхынигъуэ зэмыщхьэхэм хуэдэ яфIэфIкъым хьэрыпIхэм. Ахэр зыщыщынэ холестериным щыщтэртэхым махуэ псоми губгъуэм иту, IэпщэкIэ лажьэу щытта ди адэжьхэр.

Сэ сыкъапщтэмэ, псынщIагъэ гуэр тшхыну дигу кьыщихьахэм дежь хьэрыпI ерыскъыхэр согъэхьэзыр, армыхьэмэ нэхьыбэу сыпщэфIыр адыгэ щхынигъуэхэращ. Абы и Iэфlагъыр, гуэкIуагъэр кьащIэну хунэсащ ди ныбжьэгъу хьэрпIхэмэ.

☆☆☆

Епсэльар

НЭЩIЭПЫДЖЭЗамирэщ.

● Зэ1ущIэм и пэ къихуэу

ТАШУ Сергей: Топджэгум дихьэххэр стадионым къетшэлIэжыну дыщIохьуэпс

Бадзэуэгъуэм и 6-м щегъэжьауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм Партсанэ (Кисловодск) зыщагъасэ. Ар зэрекIуэкIым тедгъэпсэльыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ юмандэм и тренер нэхъыщхьэ Ташу Серге.



- Сергей, Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхым и етIуанэ ныхьым дызыхуэкIуэ тхьэмахуэ махуэм щыводзэж. Дауэ хуэхьэзыр ди командэр абы?

- Ди футболистхэм я кьаурм, бэшэчагъым зегъэужьыным теухуауэ зэхэдгъэува программэр нобэкIэ дгъэзэщIауэ щытщ. Бадзэуэгъуэм и 19-м щIалэхэм загъэпсэхуну Iэмал еттри, абы и уэкIэ «Краснодар-м дызэрыздэжьугуэм занщIэу зыхуэгъэхьэзырын щIэздзащ.

Нартсанэ щедгъэкIуэкIа зыгъэсэныгъэхэр кьыдэхъуIауэ кьызэольытэ икIи ди мурада псоми дынэсауэ кьызыгъэ. Мыбы джэгупIэ губгъэ хъарзынэхэр, т

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
Малъхъэдис

Адыгэ пащтыхьхэр

Ізн-насер Шихьабуд-дин Ахьмэд
1341 - 1342

Ахьмэд Кьалэунэ Мухьэмэд и кьуэ нэхьыжьщ. Пащтыхь тахьтэм зэрытеІуэу, и бийуэ кьилыт а пщІолъ нукІащ, нэгъуэщІхэри лъэхъуэщым иригъэкІыжащ. Абы щхьэкІэ зауэлІхэм я гур щыкІауэ щытащ. Ар Кэрэк кьалэ дэсащ Каир кьахуэмыкІуэу. Ар и щхьэ сыгъэ зу тахьтэм трагъэкІри, и кьуэш Исмэ хьил трагъэващ пащтыхьу.

Ахьмэд пащтыхьу зэрытетар мазитІрэ махуэ 12-рэщ. Ар Кэрэк кьалэ дэсащ, и кьуэш Исмэхьил и унафэкІэ яуКІыху.

Кьалэунэхэ Исмэхьил (Іэс-салехь Хьэлаіуд-дин Исмэхьил)
1342 - 1345

Мыри Кьалэунэхэ Мухьэмэд и кьуэш. И кьуэшыр иукІри, езыр пащтыхь хьуащ. Пащтыхь Исмэхьил лІы захуэт, псапащІэ. Ар 1345 гъэм дунейм ехьижащ.

Іэл-камел Шыхьбан ибн Іэн-насер Мухьэмэд
1345 - 1346

Шыхьбани Кьалэунэхэ Мухьэмэд и кьуэш. Пащтыхь тахьтэм зэрытетІысхьэу, и жагъуэгъу пщыхэр лъэхъуэщым иридзащ. Пащтыхьыгъуэр кІэзыхъуигъэнэн щхьэкІэ и кьуэшитІ иукІыжьи гуращэр иІэу кьыщащІэм, пщыхэр пэуващ. Іуэхур апхуэдэу кьыщекІуэжьым, ар щІэпхъуэжащ. Пщыхэр зэгурыІуэри, щІэпхъуэжа пащтыхьым и пІэкІэ абы иукІыжьиу зыхэта и кьуэш Хьэжы тахьтэр лъагъэсащ. Иужьк1э, Шыхьбан и хэщІапІэр зрагъащІэри яуКІащ, и кьуэш теувам и унафэкІэ.

Шыхьбан пащтыхьу зэрытетар зы илъэсрэ мазитІрэ ныкьуэрэщ.

Іэл-Муэзффар Хьэжы Ибн Іэн-насер Мухьэмэд
1346 - 1347

И ныбжьыр илъэс 20 иримыкьуэу, яп1э ита и кьуэш Шыхьбан и ужькІэ лъысащ пащтыхьыгъуэр. Зэрытеувэу и жагъуэгъуэр лъэхъуэщым щІидзащ, языныкъуэхэр иригъэтхьэлащ. Тхьэрыкъуэ игъэ хъурт, егъэлеяуэ Іэ уэм дахьэкІри, абыхэм дашэкІырт кьэрал Іуэхухэм. Абы щхьэкІэ пащтыхь ужьІэр хуэмыфащэу кьалытэри, лъэхъуэщым щІадзащ. Абы щІатхьэлыхьа иужь, и кьуэшыр пащтыхьу ягъэуващ.

Хьэжы пащтыхьу зэрытетар зы илъэсрэ мазищрэ махуэ 18-рэщ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

Щхьэгъусэр зэрыщытыпхъэр

Хабзэ

«ЖЫІЛЭМ игъэпуда лІыр фызыІфІым кьыдехьжри, фызым игъэпуда лІыр жьыІэми кьахудэхьыжыркъым» - жеІэ нэхъыжьыфІхэм кьыткъуагъэна псалъэжьым. НэгъуэщІ псалъэжь куПщІафІэгъэри щыІэщ: Бжьагъу закъуэ хэсеи, фызыІфІым уигъэунэнщ. Фызыфі и Іэнэ хьэзырщ. ЛІым и узынщагъэр фызым и фІыгъэщ. Насыпыр фызым кьыдокІуэ. Унэр зыгъэунэри, благъэр зыгъэблагъэри фызырщ.

Мыбыхэм наІуэ кьащІ унагъуэр зэгурыІуэ-зэдэІуэжу, хабзэрэ нэмысрэ я жьэгу дэлъу псэуфын папщІэ унэгуащэм куэд дыдэ зэрелъытар. ЛІэщІыгъуэ куэдкІэ ямыгъэунэхуэу жаІакъым «Бзыльхугъэр унагъуэм и шхэпсщ, лъэпкъым и кьуэпсц» псалъэ Іуащхэр. АтІэ сыт хуэдэу унэгуащэр зэрыщытыпхъэр?!

Фызыр сыт щыгъуи нэхъ тэмакъыкІыхьу, шыІэныгъэ хэлъу, хуэгъэкІуатэ ищІэу щытыпхьащ. Абы кьиКІыркъым абы щыгъуэм дежи и щхьэр зыгуэркІэ игъэпудыжу. Щыхубзым и бзэ Іэфіагьымкіэ, и гуапагъэмкІэ езыр зыхуэеи псор лІым иригъэщІэфу щытын хуейщ. Пэжщ, абы папщІэ Іуэхум акъыл хэлъу бгъэдыхьапхъэщ. Иувыкіыу макъ Іэтакіэ щІыхухъэм пэувыжьыныр бзыльхугъэ щэнкъым, атІэ и щхьэр зэригъэпудыж хьэл мыхъумыщІэщ.

Сыт хуэдэ Іуэжу имылэжьми, дэнэкІэ зимыгъаэми, бзыльхугъэ щхьэгъусэм дахагъэр, къабзагъэр, гуакІуагъэр кьебэкІыу щытыпхъэщ. Зэи мыубзэщхъужу щылъбзым бгъэдэтъ Іэщэр и бзыльхугъэ щэнырщ. Фызыр абы кІэльымыплъыж щыхьыкІэ, ар унагъуэ зэтекъутэм и яп1э лъэбакъуэщ.

Зэщхьэгъусэтім нэхъ зэрыщытыкІэхэр, я тІасхьапІэ быдапІэхэр щІыхубзым утыку ищІ хабзэкъым. Щыхухъум апхуэдэу ищІэмэ, ар емыкІу дыдэщ. Зэдэпсэуни щыщІадзагъащІэм щегъэжьауэ зэщхьэгъусэтІым яку дэлъ пэжыгъэрщ абыхэм пщІэрэ щІыхьрэ зэрызэхуащІ гъащІэ гъуэмылэу ягъуэтыжьынри.

Фызыр тхъусыхэреймэ, унагъуэр гупэусыгъуэ хэкІыркъым. ЗэщхьэгъусэтІыр зэгурыІуэмэ, Іуэху гъэша унагъуэм щІыззэдаІэкъым. Адыгэ нысэр и гуащэ-тхьэмадэ, нэхъыжь е хамэ щыту и бын едэжщІэныр е ехъурджэуэныр кьекІуркъым, апхуэдизу абыхэм я пащхьэ и щхьэгъусэм щІпсэлъэнри. УнэгуащІэм щхьэгъусэм и дэтхэнэ Іуэхури диЫигъыу, абы и щІэгъэкІыжьыну, жьпІэнурамэ, гъащІэ гъэзгу баш хуэхъуфу щытыпхъэщ.

Зэщхьэгъусэтім нэхъ зэрыпэгъу дунейм теткъым, и нэчыкъым хуэпэжьныр кьызэрымыкІуэ хабзэфІщ, унагъуэ, лъэпкъгъэдахэщ, я пщІэри лъагэу еІэт.

Фызыр лІым дэтІысу щхэныр хабзэу щытакъым. Ар бзыльхугъэр ягъэнкІэу аратэкъым, атІэ фІы псори зыхуагъэфащэ щІыхур и жьэ ныщІу, зыгуэрым едзакъэу, жьэгъуашхэу яльаГъуну хуейтэкъыми аращ.

Щхьэгъусэр кьыззэрыкІуэжьныр зыщІэ бзыльхугъэр абы мыгъэзльыжу ежьхэмэ, гуапагъэщ, нэмысщ, пщІэ зэхуэщІынщ кьыкІыр.

ШЭРДЖЭС Алий.

Цыкіухэм папщІэ

Джэд къэкъэрей

Рассказ

ДИ НАНЭ зы джэд гъуабжькъ иІэт. Пщэдджыжьым, джэдэщІыр зэрыІуахыу, ар псоми яп1э кьыщІэлъэтырти, нэпсейуэ Іусым ежалІэрт, тІум яхуэмышхьн хуэдизи и закъуэ «иригъэмэрэкІуэхьрти», хьэлъэ дыдэ хьуауэ, псы зэрыт тебэм бгъдыхьэрт. МыпІащІэрэ псы ефа ныкъуэ, и дамэхэр иутхыпщІырти, ину къакъуэ щІидзэрт, апхуэдизурэ джэдэщІым щІыхьэжьырти, абгъуэм итІыхсхэр т.

Нанэ щэхуу джэдэщІым щІэплъэрт. Джэдыр абгъуэм ису щІыгъагъуІэ, гуфІэу кьыІуКІыжьырт: «Аль1ых, Гъуабжькъыр нобэ кІэщІыну кьущІэкІынмэ», - жиІэрт абы игукІэ.

Джэдым кьикІэщІынур дыщэ джэдыкІэ хуэдэ, пэплъэрт нанэ. Ауэ, Гъуабжькъыр мыкІэщІурэ, адрей джэдхэр псори кІэщІырти ежьэжьырт. Гъуабжькъым хуэдэуи «ДыкІэщІынущ, дыкІэщІынущ!» жаІэу зэрыгъэщІытащ. **20.** Нэхъыбэу къуршхэм щыхъу, банэ зытет гъурщхэм кьапыкІэ, витамин куэду зыхэпІ, хущхъуэу кьагъэзэбэп пхъэщхьэмыщхьэ гъуэжь гуащІэ щІыкІу. **21.** МусЛ1ымэн дин гъэбакІуэм уаз щиту мэжджыт кІуэщІым иІэ щІыпІэ хэха. **22.** Хабзэм темыту яуКІа Іэщым ил, пшхыну мыдурыс. **25.** «Щхьэнтэм тесмэ - тхъэрыкъуэт. Зыбукъуэдийм», асльэнт, Кьрым бжьэхуцІыр уи щІыфэт...» псалъэхэр зыхэт лирическэ уэрэдыжь. **25.** Сирием и щыхьэр Дамаск адыгэхэр зэредзэ псалъэ. **28.** Псым теджэдкъаз.

Зэхэзыльхьар
УЭРШІ Нурхьэлийщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: 5. Адыгэ щІыхуб усакІуэ щІэрыІуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ. (Сурэтым). **6.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ куей, кьалэ, ауэ, псы. **10.** Адыгэ хьэгъуэлІыгъуэр дэкІыху щауэм егъэщІылІауэ щыт, ар зи деж щыІэ щІалэ. **11.** Даур Асльэнэр Мэшбащ Исхьэкъэ я уэрэд. **12.** «Гу кІуэм ... кьыкІреуд». **13.** Кьанж и кьуэ нарт лІыхъжь, щакІуэ тхъэмадэ. **14.** Пхъэ пэгун. **17.** КьахуэкІуа хьэщІэм адыгэхэм хуаукІ Іэщ, нэхьыбэм мэлу. **18.** Зы тІыгур хьурей джыдэлъэпкъ. **23.** Шым щІэхалъхьэ, ар зэрекІу Іэмэпсымэ. **24.** Гуауэшхуэм, кІуэдыкІей хьуа щІыхуэм хуаусу щыта пасэрей уэрэд. **26.** ЩІапскІэуэрэ сабий щагъэжей ГъуэльпІэ щІыкІу. **29.** Щ1ыхьышхуэ зыхуаІщ нэхъыжьыфІым, зыфІэлЫкІым зэрызыхуагъаэ псалъэ. **30.** КьардэнгъущІ Зырамыку и «Кьанщобийр» Гуащэгъагър» пьесэм хэт щІыхуб3. Абы и уэрэдыжьи щыІэщ. **31.** Дагъыстэным щыпсэу льэпкъ, хуабжьу Іэпщ1эльащІыу. **32.** Хадзэкі сыр, щхьнхэльхьэ.

Кьехьу: 1. ІутІыж Борис и пьесэ. Абы и уэрэдыжьи щыІэщ. **2** Урысей Федерацэм и щІыхуб3 артистк1э, Щ0джэнщІыкІу Алий и щІэр зезыхьэ Кьэбэрдей кьэрал драмэ театрым и джэгуакІуэу щыта. **3.** «... и фо изщ». **4.** МахуэщІэ. **7.** Щ1ыхур нЫбжьыщІэу щыщІ-тымрэ балигъ щ1ыхъумрэ якІу дэль Іыхьэ. **8.** ГъавэхэкІ къкІыгъэ, нэхьыбэм щ1ыкхьуэ кьыхащІыкІыу. **9.** Гъатхэм пасэу кьэгъагъэ, хущхъуэу кьагъэсэбэп удз. **15.** Ашэмэз и адэ. **16.** Килограмм щ1ыкІ1ых хьу хьэльагъ щ1алъэ. Апхуэдиз шыгъу зышхьфи щыІэ жаІэ. **19.** Адыгэ лъэпкъым кьыхэхІа, зэи кьыхамыгъэщІэфа урыс адмирал цІрыІуэ. Абы и цІэкІи ди кьэралым орден щагъэзуваэ щ1ытащ. **20.** Нэхъыбэу къуршхэм щ1ыхъ, банэ зытет гъурщхэм кьапыкІэ, витамин куэду зыхэпІ, хущхъуэу кьагъэсэбэп пхъэщхьэмыщхьэ гъуэжь гуащІэ щ1ыкІу. **21.** МусЛ1ымэн дин гъэбакІуэм уаз щиту мэжджыт кІуэщІым иІэ щ1ыпІэ хэха. **22.** Хабзэм темытту яуКІа Іэщым ил, пшхыну мыдурыс. **25.** «Щхьэнтэм тесмэ - тхъэрыкъуэт. Зыбукъуэдийм», асльэнт, Кьрым бжьэхуцІыр уи щІыфэт...» псалъэхэр зыхэт лирическэ уэрэдыжь. **25.** Сирием и щ1ыхьэр Дамаск адыгэхэр зэредзэ псалъэ. **28.** Псым теджэдкъаз.

Зэхэзыльхьар
УЭРШІ Нурхьэлийщ.

Бадзэуэгъуэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **6.** Нэгумэ. **7.** Дудакъ. **9.** Анэ. **11.** Хьэмбылу. **13.** Джэлэфей. **14.** Бжьэпэ. **15.** Сэлэт. **17.** Батыр. **18.** Уэх. **19.** Уэр. **20.** Бэий. **21.** Пщы. **22.** Аэзи. **28.** Сэ. **29.** Пшэпль. **30.** КІапсэ. **31.** Ес. **35.** Модэ. **37.** Уэгъу. **39.** Лэгъуп. **40.** Альп. **42.** Мет. **43.** Дунай. **44.** Аруан. **45.** Щхьэпс. **46.** Цьжьбанэ. **49.** ТешанкІэ. **52.** Шыд. **53.** Шынэ. **54.** Пшагъуэ.

Кьехьу: **1.** Сэмб. **2.** Іумыл. **3.** ХьэнцэгущІ. **4.** Думэ. **5.** Шатэ. **8.** Хьэпарий. **10.** Бемырэз. **12.** Убых. **13.** Джэду. **16.** Тут. **17.** Бру. **20.** Бысым. **23.** «Насыпэ». **24.** Хьущэ. **25.** Гулъэ. **26.** АкІэ. **27.** Усэ. **32.** Алаущын. **33.** ХьэщхьорыпІуэ. **34.** ІэнпанкІэ. **36.** Щай. **38.** Кьута. **41.** Пэщэ. **42.** Мест. **47.** Бжьын. **48.** Нысэ. **50.** Еншэ. **51.** Абгъуэ.

Хьуэкъуэхэр

Зенкъуэ кьуажэм щыщ Кьармокьуэ Анатолэ Хьусен и кьуэм и ныбжьыр илъэс 51-рэ зэрырикъумкІэ дохьуэхьу

Уи махуэ льапІэр зытехуэ гъэмахуэм ІэшІе кьэс удэщІэращІэу, уи узынщагъэр быдэу, уи жьэгур уардэнуэ, хьэщІэ е тІысэжьпІэрэ унапІэ мах уэу, уи быным, абыхэм я щІэблэм я насыпым уи лъэр игъэжану, гуфІэгъуэр уи куэдрэ гуныкъуэгъуэм упэІэщІу Тхьэм утжигъэпсэу! Гъащ1эм и Іэфіагъ псори щІызыхэпщІэн, уи щхьэр лъагэу щІыпІэтын, гупсэхугъуэрэ дэрэжэгъуэрэ кьыщобэкІын гъуэгуанэ кІыхь кьэпкІуну ди гуапэщ!

Фльуэ укьэзылъагъу уи унагъуэр.

Альтуд кьуажэм щыпсэу Жамбэч Лаурэ Арсен и пхъур нобэ илъэсищ ирокъу

Сохьуэхъу сабингъэм и Іэфіыр зыхищІэну гъащІэ насыпым и курыкыр кьыщІылъысыну.

Дади нани я гъэфІэну
Си шыпхъу цыкІыр
дыгъэ-щыгъэщ,
КІэщІыщ цыкІыщ езыр, Іэфіынэу
Кьощ и нэгум угъурлыгъэ.

Сабинбзэ щабэ цыкІыкІэ
Кьопсэлъэнущ, зи, емыш.
Хъэ цыкІыи кьодж я гукІэ,
Зэрыльэлъэуи мэдыхьэшх.

Хьэпшыр цыкІуи, гуащи, мыщи
ІэрыщІ защІэу кьых уащэху.
КІэнфетІэ ар ерыщщи,
Иту кІихьа - имыущэщу.

Сэхусэпль хуэпльэ хьуащ, итІани
Бжьэф тІуащІэр игу пымыкІ,
Ауан ящІми дадин ирокъ,
ХьифІидзэну игу кьэмыкІ,

Уи адэ зыштхьу Рабия.

Хьэрыпкъ щхьныгъуэкІэр

КІэртІоф зыдэлъ псыхьэлывэ

КІэртІоф псыхьэзар псывэм халъхьэ, шыгъу хадзэри, шыуанущхьэр тепІауэ хьэзыр хьуху ягъабэ. Ва нэужь, и псыр щІагъэжри, щабэ хьуху яуб, итІанэ бжьын гъэлыбжьа, шыбжий плъыжь сыр, тхуу, шыгъу, джэдгын халъхьэ - псори фІыуэ зэІащІэ. КІэртІофыр вэху, тхьэвыр ягъэхьэзыр: абы щхьэкІэ псы хуабэм шыгъу хадзэ, шхурэ шатэрэ хакІэри фІыуэ зэІащІэ.

Адэкіэ гуэдз хьэжьигъэ ухуэзащІар тепщІэным ирагІуту, и кур къратхъу, абы псы зэхэщІар иракІэри, тхьэвыр быдэ хьуху япщ, хьэжьигъу тІэкІу и щхьэм трагъэщІащІэжри, зэхэщІыпсыкьын щхьэкІэ дакъикьэ 15 - 20-кІэ щагъэт.

ИтІанэ тхьэвыр хупхъэкІэ яху, и ІуварІыр мм 5 - 6 хьуУэ, хьурей щ1ыкІуурэ кьыхагъэзж, абы и щІыУм кІэрТІоф пІастэр тралъхьэ, мазэ ныкъуэм ёщхьу тхьэвкІапэхэр зэкІэрагъапщІэ, шыуаным ит псы къэкъуаЛъэм халъхьэри ягъабэ. Чымчырк1э кьыхахьж, теплщэчым ираЛъхьэри шатэ траКІэж. Пщтыру яшх.

Халъхьэхэр: ***Тхьэвым:*** гуэдз хьэжьигъэ - г 600, зэрапщ псыуэ - г 200, джэдыкІэ псы хуабэм шыгъу хадзэ, шхурэ шатэрэ хакІэри фІыуэ зэІащІэ.

Хьэлывэм дэльынур: кІэртІоф укъэбзауэ - г 700, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 150-рэ, тхъуэ - г 100, шатэу - г 75-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

Фэ фщІэрэ?

КъэкІыгъэщІэхэр

Джэдупащ1э - хвощ полевой

Джэдхъурсанэ - паслен черный

Джэдыху - просо куриное

Джэдэ - шпинат огородный

Джэрджэм - жимолость

Джэш - фасоль обыкновенный

Джэщдэжей - фасоль многоцветковая

Джэшпэпщ1 - вьюнок полевой

Джэщ1ыкІу - горох

Джэштхьэмпэ - чина

ДжырышкІий - махорка

Дзэгын - белена черная

Дзэл - ива

Дзэлыгъуэ - ива трехтычинковая

Чэтэн - лен

Шэджэм псыкъелъэхэр - гъэмахуэм.

Нэщэнэхэр

БзыльхэхуэщІэ бгъэсыну фІыкъым

- Бабыщкэм удэым зыхакухьмэ, уэлбанэ хьунущ.
- Бзылъым ебзеЙртэкьым.
- Бещтоужьыр кьепщэмэ, гъэр гъэфІ хьунущ, жаІэрт.
- БзылъхэуэщІэ бгъэсыну фІыкъым.
- Блэгъур жьэдумычу хьифІэбдзэу ядэртэкъым.
- Вагъуэ убжмэ, хьэмщІыракІэ кьыптекІэну кьафІэщІырт.

Къуажэхьхэр

Унэм икІ, щІым икІыж

- Мыіэфі, мыдыдж, джэдлыбжьэр гурыхъ зыщІ.
- Плыри зэдэжь, зыри кьытежкъым.
- Уэ нэхъри нэхъ жэщ, сэ нэхъри нэхъ жэщ, удэжэкІи улъэщІыхьэнукъым.
- Уэрдыхъуншэ бошкІэ цыкІу.
- Унэм икІ, щІым икІыж.

Жэуапхэр:

Дзэлыгъуэ Шэрэдинэ, Жьы Дзэлыгъуэ, Іуриуэ.

НапэкіэуцІыр зыгъэхьэзырар щхьэщІэмыщІ Нэзщ.

Си хъуреягъкІэ

Иныжьрэ цыкІужьрэ

КЪУЛЫКЪУ тІэкІу яІыгъэм иныжьрэ цыкІужьрэ щІэхъуакІ пэжьакІуитІыр зДэщІыІэ лэжьапІэм тъэпкъпсо мыхьэнэ зиІэ Іэхъу гуэр зэфІэзэкІа щ1ыхъуащ. Иджы, а лэжьыгъэ жьыхъэтІэр и кІэм нэмысыпэ щІыкІэ щІидзауэ, радиом, телевиденэм, газетхэм щ0ву иныжь, утыкуэшхуэм щ0кІэрахъуэ а зэфІагъэкІа хьуа Іуэхум теухуауэ, Аращ цІыхУм яІъагъуРи зи псалъэ зэхахри, Мыдрей цІыкІужьеІр, абы утыр зрищІэкІ лэжьыгъэр щэ ищІыкІауэ, Іыхьэ пщІейм щІигъур зи фэм дэкІар, зыщІыпІи къыщІыхэщырркъым!

Пыл зекІуапІэ тхъэкІуэмэкІыхь пъэкІуэмпІэ кьытещІыркъым.

Жэщрэ махуэрэ я гупсысэр зыкъым

Жыіэгъуэхэр

♦Догъэлъапі жаІэурэ, куэд ягъэсхьу.
♦Дыгъэ нурыр къызыщхьэщихым, уэздыгъэху щІымыгъанэ.
♦Дыгъужьми лэгъупжьу зебжьыж.
♦Дыгъужьым и нэр жейми, и гур пльырщ.
♦Дышэ жыг хухасати, и лъабжьэр игъэгъужащ.
♦Дышэр зыпэмыхьу чэщэщи щ1ыпІи.
♦Джатэ кьинхэм нэхьр жьэ бзаджэр нэхъ щ1ынагъуэщ.
♦Джэдыл уэзымыгъэщхьпмк и джэдыр джэдкъуртщ.
♦Джэдэщ1ым и тхьэмадэр зэрыульпхъащэ елытауэ хах.
♦Ебгъэлеймэ, лей уохьу.
♦Бзыт нэхърэ къеІызых нэхъ зигъэлІыхьужьт.
♦ЕмыкІури зригъэкІуурэ, нэджэдужь хьуащ.
♦Емынэр зи гум, блэ зрауакІа башыр и щІэгъэжьэн нэжщ.
♦Жэщрэ махуэрэ я гупсысэр зыкъым.
♦Жэщыр зыгъэпсынщІэр жейщи, жейр зыгъэІэпхъуэр Іуэхущ.
♦Жыжьэ пльэ акъылыр из ещанэщ.
♦ Жыжьэ уплъэнумэ, яп1 щІыкІэ гъунэгъуэр льагъу.
♦Жылэм емыщхьыр Іэтащхьэ мэхъу.
♦Жып нэщІ дыжьигъуейщ.
♦Жьакіэм ихьар пащІэм кьихьыжьркъым.
♦Жьакіэу мыхьуурэ, жьантІакІуэ хьуащ.
♦ЖьантІэр къэзылжьыр жьыгъэр лІыгъэрщ.
♦Жьыр кьыщепщэмкІэ зигъаэзри, и кІэм кьикІащ.
♦Зэгурыіуэ зДэщІэм фІым щІыІэщ.
♦ Зэдэпщ1э гъэпсынщІи, зэдэпшхи Іэфіынщ.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

Редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфіыці Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щ1ыхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; къыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмэхэмкІэ - 42-22-88; егъэджэнымрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федералыгъэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щ1ыкІэ жэуап ежь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэзгъэ ягъуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжІыгъуэм елэжьахущ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Дышэкі Соня, редакторУ Ширдий Маринэр, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхьтІыкІ Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІыкьуэгъу* Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэрэ Мэлбахьуэ Анжелэрэ, *сурэтхэм елэжьар*Бицу Жанпэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Інатім щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №1943